ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№74 (22.982) ● 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ТекІуэныгъэм и бэракъыр яІэт

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и жэрдэмкІэ «ТекІуэныгъэм и бэракъым и плъыр» урысейпсо Іуэхур ди республикэми щрагъэжьащ. Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэр къыщахьын папщІэ ди цІыхухэм я фэм дагъэхуам ар пщІэ зэрыхуащІы. Абы хэтыну школакІуэхэмрэ студентхэмрэ зауэм хэкІуэдахэм хуащІ пщІэм и щыгъэ ТекІуэныгъэм и бэракъым бгъэдэтынущ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ ТекІуэныгъэм и бэракъым тращІыкІа сурэтхэр Іуэхущ1анІэхэм къагъэсэбэпыну хуит зыщІ унафэ къызэрыщащтэу, ятэу бэракъыр фІэзыдзар Прохладнэ къалэ дэт курыт еджапІэ №6-рц. Абы иращІыкІа зэхьыхьэм кІэрихьэлІат зауэм и ветеранхэр, нэмыцІуэуэм исауэ Прохладнэ къалэ, Прохладнэ, Май куейкъэм щыпсэуэхэр, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм, «Урысейпсо цІыхубз фронтым» и хэгъуэгу къудамэу ди республикэм щыІэм, къалэ, куей администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, хьэщІэ лъапІэхэр.

Прохладнэ къалэм и щІыпІэ самоуправленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Короченкэ Виктор** псалъэ щратым, ныбжьыщІэхэм захуигъазэу жиІаш: «ТекІуэныгъэм и бэракъыр, блэкІа зэманымрэ нобэрей махуэмрэ зэпызыщІэщ, ар Хэку зауэшхуэм псэемыблэжу хэта псоми я фэеплъщ. Прохладнэм щыщу цІыху 5700-м къагъэзэжакъым. Абыхэм я Хэкум и щІыхьыр яхъумэу хэкІуэдащи, нобэрей щІэблэр а лІыхъужьхэм фахуэфащэу, нэмыцІ зэрыпхъуакІуэхэм къэралыр зэрыщдахъумар фІщымыгъупщэу фыпсэун хуейш»,- жиІащ Коротченкэ Виктор.

Республикэм ит еджапІэхэм щІэс ныбжьыщІэхэр чэзууэ ТекІуэныгъэм и бэракъым бгъэдэтынущ, ардыдэуи Накъыигъэм и 9-м ар яІыгъуу ахэр Налшык щызэхуэсыну я мурадщ.

Прохладнэ къалэм дэт гимназие №6-м и унафэщІ **Долговэ Алевтинэ** ветеранхэм зэрахьа лІыгъэм папщІэ иджыри зэ фІыщІэ яхуищІри, къэблагъэ махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ.

«Ди нэхъыжь лъапІэхэ, фи сабиигъуэр зауэм фІэщІихащ, гуэзвэгъуэ куэд фи нэгу щІэкІащ, хьэзаб, бэлыхь куэди вгъэва пэтми, фэ гъащІэм фыхуэнэхъуеинщэщ, нэхъыщхьэращи, нэплъэжьигъуэ вгъуэтыжащ. Фыуэзынщэу, гукъеуэ фимыІэу илъэс куэдкІэ фыпсэуну сынывохъуэхъу»,- захуигъэзащ нэхъыжьхэм КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и Унафэщ**І Чеченов Ануар**. Абы яужь Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда Къарурэм, хабзэхъумэ Іэхущ1анІэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэдрэ Чеченов Ануарэ «Непокоренные» щІыхь медалхэр зыхуагъэфащэ ветеранхэм Іэрагъэхьэжащ. «Урысейпсо цІыхубз фронтым» и хэгъуэгу къудамэмрэ школакІуэ цІыкІухэмрэ къабгъэдэкІыу ветеранхэм фэеплъ саугъэтхэр ираташ.

ЗэІущІэм кърихьэлІэхэр нэхъыжьхэм я гукъэкІыжхэм едэІуащ, сабийхэм ягъэхьэзыра концертым елъащ.

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 18, щэбэт

♦Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиІэ щІыпІэхэмрэ я дунейпсо махуэщ

♦Радиор фІыуэ зыльагъуэхэм, ар зэпкърыльхъэным дихьэхъэм я дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и дзэ щІыхьым и махуэщ - 1242 гъэм Невский Александр и зауэлІхэр нэмыцэдзэхэм Чудскэ гуэлым и мылым дежи зэрыщагъекІуам и щІыхькІэ ягъэуваащ.

♦Нидерландэм щагъэлъапІэ Музейхэм я махуэр. А къэралым щыпсэухэри и хьэщІэхэри а махуэм Іэмал имыІэу музейм кІуэн хуейщ.

♦Украинэм и щІыуэпсыр хъумэным и махуэщ

♦Зимбабве къэралыгъуэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ.

♦Гуапагъэм и ГъатхэХ тхьэмахуэм щІедзэ. Абы къриубыдэу УФ-м и щІыпІэ куэдым къыщІэзырагъэпэщ псапащІэ Іуэхуэр. Мы гъэм ахэр нэхъыбэу яхуэгъэзэауэ щытынущ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, а лъэхъэнэр щыгнагъуэр зи нэгу щІэкІа нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным.

♦1970 гъэм Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ «Мадинэ» ятэ адыгэ операр ягъэуваащ.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Балъкъэр Руслан** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 11 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 19, *тхъэмахуэ*

♦Ажэгъуэмэм и махуэщ.

♦1563 гъэм ятэ урыс типографие къызэІуахащ.

♦1783 гъэм Къырымыр Урысейм гухьащ.

♦1935 гъэм «Спартак» спорт зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦Литературэдж, филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, УФ-ми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щыхьэ зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, ДАХ-м и президенту щыта **Щхьэлахъуэ Іэбубэныр** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, КЪБР-м гъуэзджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ **Журт Биберд** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Беслъэней Эдуард** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщыкъынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градуси 6 - 14 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 20, *блыщхьэ*

♦Урысейм щагъэлъапІэ Лъы зытым и махуэр

♦Китайбзэм и махуэщ

♦1656 гъэм Урысейм гъуэлпІэ ахъшэ къыщежьащ.

♦1937 гъэм Прохладнэ станицэр къалэ хъуащ.

♦КЪБР-м щыхь зиІэ и сурэтыщІ **Сындыку Тобий (Анатолэ)** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Режиссёр, УФ-ми КЪБР-ми гъэзджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ я лэжьакІуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Теувэж Султан** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щыхь зиІэ и журналист **НэщІэныджэ Ибрэхьим** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УФ-ми КЪБР-ми щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Джырандокъуэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Германием щылажьэ адыгэ хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Тlамжьыкъуэ (Цей) Умар Фарукъ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦«Эльбрус» тхыль тедзапІэм и унафэщІ, КЪБР-м и цІыхубз усакІуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Ацкъан Руслан** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Бел город кьалэм потребкооперацымкІэ и университетым и къудамэу Налшык дэтым и ректор, педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-ми КЪБР-ми егъэджэныгъэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Щоджэн Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщыкъынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 9, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мэлищэм зы мэл щыщІэмэ, мэл щэ ныкъуэщ.

Іэ тедзэгъуэм и джакІуэхэр

● Щапхъэ

КЪБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым Налшык мэлыжьыхьым и 16-м щригъэкІэщ республикэм къыщыдэкІ газетхэр 2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм зыІэрыхьэнухэм абыхэм Іэ трегъэдзэным теухуа Іуэхуэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Кьалэн куэд зыгъэзащІэ и щІалэгъуалэ центрым и волонтёр 50 Абхъазым и утым къыщеджащ «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм.

ПечатымкІэ унэм блэкІхэм пщІэншэу ираташ республикэм къыщыдэкІ газетхэр, абыхэм Іэ зэрытрадзэну бланкхэр, индексхэмрэ уасэхэмрэ къыщыгъэлъэгъуауэ.

КЪБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым а Іуэхум щыпщэнущ Библиотекэхэм я жэщым. Ар Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхъэ Лъэпкъ библиотекэм мэлыжьыхьым и 24-м щрагъэкІуэкІынущ. Абы щытепсэлъыхьынущ республикэм къыщыдэкІ «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Солнышко», «Нюр» журналхэм.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, къэралым и пощт Іуэхущ1анІэ псоми мэлыжьыхьым и 1-м щыщІадзащ 2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щытрегъэдзэныр. Ар екІуэкІынущ мэкъуауэгъуэм и кІэух пщІондэ. Акцэми кІыззрыщыхагъэщащи, фи Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ я дежкІэ саугъэтыфІщ газет яхуевгъэхьыныр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр
Мамий Руслан *трихащ.*

● Теплыдзэ

Гъуэгу жыжьэ сыкъыкІри нобэ Сэ хьэщІэу сыкъыфхуэкІуащ

Нэхущ Чэрим Анкарарэ Къайсэррэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я хьэщІэщ

«Урысейм щыщ адыгэ уэрэджыІакІуэ Нэхущ Чэрим Анкара къокІуэ»- апхуэдэу къыщІедзэ Тырку телевизорелъэхэр мазаем и кІэм зэрагъэгуфІэ хьыбарыр. «Хамэ щІыгу щеэзша» ди лъэпкъэгъуэм мызэ-мытІэу яхьыхами, мызыгъуэгуми Тыркум щыпсэу адыгэхэм я гуапагъэмрэ я гукъэкІымрэ арэзы къищІарэ бысымхэм я адыгэпсэр хэкум кьеГъэхъуэпсэжьнри къехъулІауэ къэкІуэжа уэрэджыІакІуэм и гъусэу а зекІуэр нобэ ягу кьагъэкІыж Чэрим зыхэт теплъэгъуэхэр щІыхубэ пащхьэм адыгэбзэ бейкІэ сыт щыгъуи изыхьэ Гумэ Маринэ; уэрэджыІакІуэм и «утыку гъащІэр» къызэзыгъэпэщ Хьэцей Тимур, Къайсэр Хасэм щыпажьэ «Мазэ» уэрэджыІакІуэ гупым и пашэхэу Цыгъум Юнус, Быф Къадир, Бжьыхьэлі Онур сымэ.

«СИ ДЫЖЬЫН КЪАМЭР, А МАРЖЭ ГУЩЭ, ЗЭПОЛЫДЫЖРИ, УЕЙ!»

*Адыгэхэм ирагъэблагъэ щхьэкІэ, уэрэджыІакІуэм и хъуржынир дыжьын къамэр сэшхуэкІэ уэздар тырку полицэр гурыщхъуэм хэзымыгъэкІт. Арати, хьэщІэ лъапІэхэр кхъухьльатэ тедзапІэм бламыгъэкІыу къагъэувыІэ. УрысибзэкІэ тха дэфтэрхэр щыпхымыкІ хэгъуэгум щІэгъэкъуэн щыхъуфынур, даун, а къэралым щызэкІуэ бзэм хуэшІэрыуэ уи лъэпкъэгъуэ. АрщхьэмкІэ «сывдэІэпыкъунщ» жиІэу гъуэгурыкІуэхэм къабгъэдэлъэда щІалэм и адыгэбзэр «сыадыгэщ» псалъэм дежи щиухырт. «Псым итхьэпэр шхийм йопхъуэ» жихуиІэрати, Гумэ Маринэ асыхьэтым игу къокІыж илъэс и пэкІэ Чэрим Мэкъуу дэт «Крокус-сити холл» гъэльэгъуэлІэм щита концертыр я тегъэщІапІэу, бысымхэм тырку телевидеэм папщІэ ягъэхьэзыра хьыбарегъащІэ пычыгъуэр и телефоным зэрытетыр.**

Гумэ Маринэ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ:

- Сэшхуэр сэшхуэ дыдэу, къамэр апхуэдэбзэу, дыжьынри дыщи хэпъу Іэшэ-фащэ зэгъэпэща иныгъ Чэрим, утыку зэрихьэ щей фІыщІэм дэщІыгъуу. Ауэ дыздэпІащІэм, инджалызыбзэкІэ зэдзэкІын хуей тхьапъэ зыхуей хэзмызауэ урысибзэ закъуэкІэ здетхьэжьат. Миндовы кхъухьлъатэ тедзапІэм тетыр дыкъэзыщІыху адыгэ щІалэтэ, къыдэмыппыщІу дыблагъэкІащ. Иджы Истамбыл дикІыу Анкара дыкІуэн хуейт. «Чантэр зытефх!» - жаІэри дыкъагъэувыІэ. Документыр идогъэпытагъури, е тыркубзэкъым е инджалызыбзэкъыми, пльэкІмэ, къагурыгъаІуэ. Псалъи Іэпэтрэмэши ди сэбэпкъым. Зы адыгэ щІалэ щІыкІу игу ящІыщІэгъуи къыдбгъащІыжьащи, адыгэбзэ жыщІэрыкъуи. Арати, тыркубзэкІэ ягъэхьэзыра рекламэр телефоным зэрытетыр сигу къокІыжри изогъэлъагъу. ДыкъыыуклІуэтауэ дыздэщытым, мо щІалэ зыбгъупщІ хъу полицэхэм зы къэхокІри, кьыдбгъэдохъэ. «Дагъэгувэнщ иджы», - жыдоІэри дигуэгр йохуэх, арщхьэкІэ ди къэпшІынэр къещІэрэ и уэрэ дрегъувэ. АфІэкІа хэмылъу, нэхъ хьэщІэ лъапІэхэм хухаха блэкІыпІэм дыІуешэ, рекламэр абдеж щытхэм ярегъэльагъу, ди «чантэхэр» дримыгъІуэсэжу къытхурехьэкІ. «Псы фефэну? Тэрмэш фыхуей?» - гулъытэм зиубгъуащ. «Сыноплтьыжащи, уартистышхуэщ уэ», - жызоІэ Чэрим, си гур кхъэзэрыгъэтыжа нэужь. «Мис апхуэдэу сыкъыбгурымыІуэу си гъащІэр сохъ», - мэгушыІэ ари, езыхэм я хэрадым адыгэм и пщІэр щалэту, апхуэдэ «хьэщІэпежьэ» канал нэхъыщхьэм щагъэлъэгъуэну ззэыгъэпэщыфа ди бысымхэм фІыщІэ яхуищІу.

Къэрэшей-Щэрджэсы, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Ингуш республикэхэм я цІыхубэ артист:

- Дыздынэсам машинэ нэхъыфІ дыдэу щыІэмкІэ къыщІтпежьахэщ. СыщытІысхьи сыкъыщцкІи сыІэбэу зэ машинэбжэр Іуэгъэжахьыж. СызыщІагъэтІысхьа пэшым ущІэзгъэхьэу зыщозгъэпІыхьарэт. АхъуэдизкІэ си гур яІэтырт, си пщІэр яІэтырти, уи нэпсым къызэпижьыхьыным хуэдэт.

Щхьэхуэ я гугъу сщІыну сыхуейт Анкара Хасэм и тхьэмадэ Хьуэжь Иналрэ Къайсэр Хасэм и тхьэмадэ Мамхэгъ Мутлурэ. ФІыщІэ лей хуэфащэщ ди нэІэ ттемыкІа, дэр папщІэ мылъкурэ гулъытэрэ емыбла Нэгуэр Унсал. Утыку сызэрит илъэс 25-м щыщу фестиваль екІуэкІыу драгъэблагъэми, щхьэзакъуэу дыкІуами, куэдрэ сыщыІащ Тыркум. А зэманым нэхъыжьыІуэхэт хасэхэм тетхэр. ЕгъэджакІуэм иригъэджар езым нэхърэ нэхъыфІ мыхъумэ, иригъэджэфакъым жаІэ. Нэхъыжьхэм ядэплъейуэрэ къэгъуэгурыкІуа щалэхэщ тоз я гугъу сщІыхэр. Нобэрей дунейм зыдрагъэкІуэну Іуэхум зэрыпэрыхьар плъагъуу, ди егъэблагъэкІэр апэрейм ещхьтэкъым. Апэми пщІэ димыІэу дыщыІакъым, ауэ иджы къытхуащІа гулъытэр нэхъ хэзгъэкІат. Зыщытхуапэ пашыбжэм деж щІэмыкьатхъэ щІэмыкьэн хуэдэу щІалэ щыту, ухъущы щІэкІкІэ уи бгъуитым къуэвхэрэ уздэкІуэнум нэс уашэу. «Урысейр зи инагъыр лъапІэу къежьэмэ, я лъэгум дыщІапІытІэфынущ дэ, Урысейм елъытауэ, апхуэдизкІэ дымащІэщи», - жиІэрейт ди адэм. А Урысейр зи инагъым я уэрэджыІакІуэхэр, щІэрыІуэу ябж утыкуакІуэхэр зэрагъэлъапІэм ещхьу, адыгэм и цІыху игъэлъапІэу ятэу слъэгъуауэ аращ, зыдэсльэгъуари мыхэращ. Ар зи фІыщІэр унафэр зыІэщІалъхъа а щІалэгъуалэм адрей лъэпкъхэм дальтагъум егупсысурэ, ди лъэпкъыр сыткІэ нэхъ Іей, дэ диІэр тІэтын щхьэ хуэмейрэ жаІауэ къыщыхъуащи, апхуэдэ акъылрэ бгъэдэхьэкІэрэ зиІэхэм Алыхьыр арэзы къахухъу.

Адыгейм сыкІуауэ, ди нэхъыжьыфІ Нэхущ ПІушэ жеІэри къызбгъэдыхьэри къызжиІауэ щытащ: «Мы сэ бжесІэ псалъэжьым къиКІыр э, ущІалэщи, къыбгурыІуэнкъым, ауэ укІуэжмэ уи адэ ешІ: «Ууейр бгъэжакъэмэ, хамэм къакъэ къуитынщ» къызжиІащи, сыт а псалъэжьым къиКІыр жыІи». Ар зыжесІэжа ди адэм: «Абы къиКІыр сэ итІанэ бжесІэнщ, ауэ дэнэ щыІэми, а лІым дежтеэдзэу сымыкІуэу хъунукъым», - жиІэри, и къуиплІыр, и шыпхър, ди анэ мыгъуэр, нэгъуэщІ гъусэ ищІыпхъэхэри дригъэтІысхьэри, унагъуитІыр дызэригъэщІыхуауэ щытащ. Иджыпсту ари ди адэ-анэри дунейм тетыжьэкъым, ауэ я щІэблэр дызэкІэлъэкІуэ, фІыуэ дызэрольагъу, тхьэмахуэм тІэу-щэ дызэмыпсальэу зэи къэгъанэрэкъым. Ар сигу къыщІэкІыжараци, езыхэм къахэкІар зэрымыхамэр, ар гъэлъэпІэн зэрыхуейр къагурыІуэу щытт ди бысымхэр. МызыгъуэгукІэ, Алыхьым и фІыщІэкІэ, сэрауэ къыщІэкІащ а пщІэр зыІысар, ауэ игъащІэкІи сэрмырауэ щрырети, а махуэм утыку итар нэгъуэщІ зыгуэрми, сэри ядэсІэтэну си хъуэпсапІэнт, Іуэхур апхуэдизкІэ дахэу ирагъэжьэкІащи, Тхьэр арэзы къахухъу.

«МАНТИКЪ» ЗЫЩІЭЛЪ УЭРЭДХЭР

«Чэрим едэІуэным хуэнэщІащ жыпІэнт ди бысымхэр, Майкл Джексон гуэр къахьхьа фІэкІа умыщІэу!» - хэрамыбзэ щэрыуэкІэ кІэщІу нэгуи къыщІегъэхьэ Хьэцей Тимур езым ильэгъуар.

Цыгъум Юнус, Къайсэр вилайетым хиубыдэ Къундетей къуажэм щыщщ, «Мазэ» гупым и уэрэджыІакІуэ, и къызэгъащІкІуэ:

- Чэрим Тыркум едгъэблагъэныр зигу къэкІар Анкара Хасэм щыщхэращ, Анкара нэс къэкІуауэ къедмигъэблагъэу дгъэкІуэжынкъым жьгІэри, Къайсэри тшэну мурад тщІащ. Гъунэгъу кьалэхэм, кьуажэхэм къиКІыурэ кьакІуэрт щІыхэр. Истамбыл никІахэр кхуэ щІэ мэхъу. Концертым едаІуэу жэщу гъэзгу теувэжа щыІэщ. Ари яхуримыкъуу, ИнтернеткІэ зыкъытпащІэурэ, концертыр дискым тревгъэтхамэ, къытІэрывгъэхьэ, дрикъуакъым, жаІэ. НэкІуэфахэм нэмыкІуэфахэр ирагъэхъуапсэурэ, щІэрыщІэу къэдмыгъэгугъэу зыуакъым: «Чэрим апхуэдэу жьжьэ щыІэкъым, иджыри къэтшэнщ», - яжьдоІэ. Апэрей концертыр щекІуэкІыр Анкарати, си ныбжьэгъу Быфымрэ сэрэ дыщыкІуэм жеСІащ: «Къадир, къхьІэ, къыскъэгъэгъу, сагъэмакІуми, Къайсэр сызэрыщыщыр сыкъащІэми, сыдемыкьууэ схуэшэчынукъым».

Гумэ Маринэ:

- ЗэрыжиІам хуэдэу, Къайсэр щаусыжа уэрэдхэр Чэрим щыжиІэм, я пІэ исыжьфрэхэкъым.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

Фыдогъэблагъэ!

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэ.«А» гуп.
ПощІрэ етхуанэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск»
Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 19. Сыхьэт 16-м.

■ ЗэІущІэхэр ■ Лъэпкъ Іуэху ■ Малъхъэдис

КЪЭБЭРДЕЙ

Хэлъхьэныгъэ ин

● Хъуэхъу

Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ, тхьдэ щІэныгъэхэм я кандидат, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩІэныгъэмкІэ, щэнхабзэмкІэ, Кавказпсо Академием, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Джырандокъуэ Михаил Хьэмзэт и къуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Джырандокъуэр ящыщщ ди республикэм щэнхабзэм, печатым зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа Іэщ1агъэлІ щыпкъэхэм. Илъэс 30-м щІигукІэ ар лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Союзпечать»-м (иджы «Роспечать»-м) и тхьэмадэу, Іэнатіэр иригъэфакІуэу. Иджырей гуманитар университетым (СГУ) щІыхь зиІэ и профессор Джырандокъуэм и кьалэмыпэм я унэтІныныгъэм теуухуа Іэхэхутэныгъэ лъжьыгъэу 70-м нэс къыпыкІащ.

Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ жыдэрым, зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ щІэныгъэлІ цІэрыІуэм, хэкупсэ нэсым дохъуэхъу узынщагъэ быдэ иІэу, и пщІэмрэ и щІыхьмрэ дригъыхуэу, насыпыфІэу иджыри куэдрэ адыгэ лъэпкъым, къэралым яхуэлэжьэну.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академие, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

ПщІэ зыхуащІу Налшык къалэ щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ!

1941-1945 гъэхэм щыІа Хэку зауэшхуэм къыщыхъуа ТекІуэныгъэ Іныр илъэс 70 щрикъум теухуа зыхъэгъэхьэзырыныгъэ Іэхуэгугъуэхэр мэлыжьыхьым и 21, 23, 28, нэкъыгъэм и 5, 7 махуэхэм Налшык къалэ Зэгурыіуэныгъэм и утым щекІуэкІынущ.

Абы къыхэкІыу транспорт лІэужьыгъуэ псоми я зекІуэныр Лениным и проспектым Головком и уэрамым щыщІэдзауэ Балъкъэр уэрамым нэсыхукІэ сыхьэт 15-м щыщІэдзауэ сыхьэт 19-м щІондэ зэпагъэунущ.

Жылагъуэ транспортым (маршрутхэу №2А, 13, 13А, 19, 27) и зекІуэныр къызэрагъэпэщынущ мы схемэм тету: Лениным и проспектым щыщІэдзауэ Головком и уэрамымкІэ - Щоджэнщыкіым и уэрамымкІэ - Балъкъэр уэрамымкІэ - Лениным и проспектымкІэ - адэкІэ маршрутым теувэжынущ.

Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэр хэзгъэгъуну къывдолъэІу пІалъэкІэ гугъу фызэрехьым къыхэкІыу.

ТекІуэныгъэм и бэракъыр яІэт

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и жэрдэмкІэ «ТекІуэныгъэм и бэракъым и плъыр» урысейпсо Іуэхур ди республикэми щрагъэжьащ. Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэр къыщахьын папщІэ ди цІыхухэм я фэм дагъэхуам ар пщІэ зэрыхуащІы. Абы хэтыну школакІуэхэмрэ студентхэмрэ зауэм хэкІуэдахэм хуащІ пщІэм и щыгъэ ТекІуэныгъэм и бэракъым бгъэдэтынущ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ ТекІуэныгъэм и бэракъым тращІыкІа сурэтхэр Іуэхущ1анІэхэм къагъэсэбэпыну хуит зыщІ унафэ къызэрыщащтэу, ятэу бэракъыр фІэзыдзар Прохладнэ къалэ дэт курыт еджапІэ №6-рц. Абы иращІыкІа зэхьыхьэм кІэрихьэлІат зауэм и ветеранхэр, нэмыцІуэуэм исауэ Прохладнэ къалэ, Прохладнэ, Май куейкъэм щыпсэухэр, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм, «Урысейпсо цІыхубз фронтым» и хэгъуэгу къудамэу ди республикэм щыІэм, къалэ, куей администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, хьэщІэ лъапІэхэр.

Прохладнэ къалэм и щІыпІэ самоуправленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Короченкэ Виктор** псалъэ щратым, ныбжьыщІэхэм захуигъазэу жиІаш: «ТекІуэныгъэм и бэракъыр, блэкІа зэманымрэ нобэрей махуэмрэ зэпызыщІэщ, ар Хэку зауэшхуэм псэемыблэжу хэта псоми я фэеплъщ. Прохладнэм щыщу цІыху 5700-м къагъэзэжакъым. Абыхэм я Хэкум и щІыхьыр яхуэмэу хэкІуэдащи, нобэрей щІэблэр а лІыхъужьхэм фахуэфащэу, нэмыцІ зэрыпхъуакІуэхэм къэралыр зэрыщдахъумар фІщымыгъупщэу фыпсэун хуейш»,- жиІащ Коротченкэ Виктор.

Республикэм ит еджапІэхэм щІэс ныбжьыщІэхэр чэзууэ ТекІуэныгъэм и бэракъым бгъэдэтынущ, ардыдэуи Накъыигъэм и 9-м ар яІыгъуу ахэр Налшык щызэхуэсыну я мурадщ.

Прохладнэ къалэм дэт гимназие №6-м и унафэщІ **Долговэ Алевтинэ** ветеранхэм зэрахьа лІыгъэм папщІэ иджыри зэ фІыщІэ яхуищІри, къэблагъэ махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ.

«Ди нэхъыжь лъапІэхэ, фи сабиигъуэр зауэм фІэщІихащ, гуэзвэгъуэ куэд фи нэгу щІэкІащ, хьэзаб, бэлыхь куэди вгъэва пэтми, фэ гъащІэм фыхуэнэхъуеинщэщ, нэхъыщхьэращи, нэплъэжьигъуэ вгъуэтыжащ. Фыуэзынщэу, гукъеуэ фимыІэу илъэс куэдкІэ фыпсэуну сынывохъуэхъу»,- захуигъэзащ нэхъыжьхэм КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и УнафэщІ **Чеченов Ануар**. Абы яужь Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзда Къарурэм, хабзэхъумэ Іэхущ1анІэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэдрэ Чеченов Ануарэ «Непокоренные» щІыхь медалхэр зыхуагъэфащэ ветеранхэм Іэрагъэхьэжащ. «Урысейпсо цІыхубз фронтым» и хэгъуэгу къудамэмрэ школакІуэ цІыкІухэмрэ къабгъэдэкІыу ветеранхэм фэеплъ саугъэтхэр ираташ.

ЗэІущІэм кърихьэлІэхэр нэхъыжьхэм я гукъэкІыжхэм едэІуащ, сабийхэм ягъэхьэзыра концертым елъащ.

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 18, *щэбэт*

♦Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиІэ щІыпІэхэмрэ я дунейпсо махуэщ

♦Радиор фІыуэ зыльагъуэхэм, ар зэпкърыльхъэным дихьэхъэм я дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и дзэ щІыхьым и махуэщ - 1242 гъэм Невский Александр и зауэлІхэр нэмыцэдзэхэм Чудскэ гуэлым и мылым дежи зэрыщагъекІуам и щІыхькІэ ягъэуваащ.

♦Нидерландэм щагъэлъапІэ Музейхэм я махуэр. А къэралым щыпсэухэри и хьэщІэхэри а махуэм Іэмал имыІэу музейм кІуэн хуейщ.

♦Украинэм и щІыуэпсыр хъумэным и махуэщ

♦Зимбабве къэралыгъуэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ.

♦Гуапагъэм и ГъатхэХ тхьэмахуэм щІедзэ. Абы къриубыдэу УФ-м и щІыпІэ куэдым къыщІэзырагъэпэщ псапащІэ Іуэхуэр. Мы гъэм ахэр нэхъыбэу яхуэгъэзэауэ щытынущ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, а лъэхъэнэр щыгнагъуэр зи нэгу щІэкІа нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным.

♦1970 гъэм Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ «Мадинэ» ятэ адыгэ операр ягъэуваащ.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Балъкъэр Руслан** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус

● Къэпщытэныгъэхэр

Зыхухамыха мурадхэмкIэ

КъБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмкlэ, финансхэмкlэ и комитетым щыхэплъащ Налшык къалэ округым и щыпlэ бюджетыр зэрагъэззэщIа щIыкIэр къызэрапщытам кърикIуахэм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ, абы и къудзэхэу Бозий Натбийрэ Жанатаев Салимрэ, КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщl Марьяш Иринэ, Налшык и щыпlэ Жанатарацэм и Iэтащхьэ Къудзокъуэ Мухьэмэд, нэгуэщIхэри зэIущIэм хэтащ.

Ар къыщызэIуихым КъБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмкlэ, финансхэмкlэ и комитетым и унафэщl Афэщlагъуэ Михаил жиIащ «Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и Iэухукlэ» КъБР-м и Законым и 37-нэ статьям ипкъ иткlэ, палатэм ильэс кlэос Парламентым и пащхьэм езым зэфIигъэкIа лэжьыгъэм, иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кърикIуахэм зэрыщытепсэлъыхьыжыр.

Палатэм и аудитор Пэж Мухьэмэд къыхигъэщхьэхукIащ 2011 - 2013 гъэхэм Налшык къалэ округым и щыпlэ бюджетыр гъэззэщIным хэзгъэзэ Iэхъуэр хабзэм къызэритIасэ щIыкIэр 2014 гъэм къызэрапщытар. Абы къыгъэлъэгуащ, зэрэщыцIу къащIтэмэ, ахэр Урысей Федерацэм и бюджет законодательствэм къызэригъэувкъым зэрытетар. Арщхьэкlэ Урысей Федерацэм и Бюджет кодексыр, Федеральнэ закон зыбжанэр, Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и законхэр къыщызэпаудэ къэхъуащ.

Сом мелардитIрэ мелуан 61-рэ мин 861,4-рэ и уасэ зытемыкIуэдапхъэм хуаутIыпщауэ сэтей къащIащ. Абы-хэм ящыщу зыхухамыха мурадхэм трагъэкIуэдащ сом мелуан 54-рэ мин 650,6-рэ, хабзэм емызэгъыу сом мелуан 575-рэ мин 371,2-рэ къагъэсэбэпащ. Апхуэдэу фейдэ пымыIуу къагъэсэбэпа ахъшэр сом мелуан 84-рэ мини 115-м щIигъуащ.

Къапщыта мылъкум и процент 50-р ипэжыIпIэкIэ къаугъэсэбэпащ хабзэм ебакъуэу. Абыхэм ящыщу нэхъ узрихьэпIэр ахъшэр зыхухамыха мурадхэмкlэ е фейдэ пымыIуу къызэрагъэсэбэпаращ.

КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм 21-рэ администрацэм зыхуигъэзащ сэтей къищIа мыхъумыщIагъэхэр игъэзэжьыну хуигъэуву.

Къэпщытэныгъэм кърикIуахэм теухуа тхыльхэр хабзэхьумэ Iэхъущапхъэхэм хуагъэхьащ. Сом мелуан 55-м щIигъу къагъэтэжащ.

Къапщытар 2011 - 2013 гъэхэм яку дэлъ лъэхъэнэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр зэрыларар ягу къыгъэкIыжри, Налшык къалэм и щыпlэ администрацэм и Iэтащхьэ Къудзокъуэ Мухьэмэд депутатхэр щыгъуазэ ищIащ къэпщытэныгъэм сэтей къищIа ныкъуэсаныгъэхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ къэкIуэнымкIэ хуэгъэзауэ зэфIагъэкIахэм. Къупльэкъупльэм къыхигъэщхьэхуэкIащ а лэжьыгъэм зэрыпащэр икIи абы кърикIуахэм КъБР-м и Парламентымрэ Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэмрэ щыгъуазэ зэращIынур.

Депутатхэр Iэхъу кэудым щIэупщIащ, а псоми щхьэтечу жэуап ягъуэтащ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэбелджылыкIащ Къэзыпщытэ-къэзыбж Iэхъущапхъэр муниципальнэ къызэрэпэщыныгъэхэм нэхъ кууэ щыIэжьэн зэрыхуейр.

Марьяш Иринэ и псалъэхэм ятепщыхьмэ, бюджет мылъкур къызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъыным мыхьэнэшхуэ иIэщ зыхуагъэувыжа кьалэнхэр, социальнэ Iэхъухэр зэфIагъэкIын папщIэ. Марьяш Иринэ жиIащ финанс кIэлъыплъныныгъэ езыгъэкIуэкI палатэм и лэжьыгъэ дяпэкIи къызэрапщытэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ зэрыщытынур. Апхуэдэу нэхъ быдэу хабзэхъумэ органхэм ядэлэжьыну мы Iэнатlэм коррупцэ нэщэнэхэр къыщахутэным хуэгъэзауэ.

ЗэIущIэм хэтахэм зыхуэфащэ унафэ къащтащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iанlэ.

● Къэрал комитетхэм

УнафэщI компаниехэм лицензэхэр хухах

Урысей Федерацэм ПсэупIэмкIэ и кодексым къызэриГъэувым тету, квалификацIэ экзаменым пхыкIа Iуэхущ Iапlитхум, фэтэр куэд хъу унэхэр зэрахьэн папщIэ, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну зэрыхуитымкIэ лицензэхэр мэлыжьыхьым и 13-м иратащ. Апхуэдэщ «Строй-К» ООО-р (Шэджэм къ.), «Бахъсэнуэзэхь» ООО-р (Бахъсэн къ.), «Унэ-Сервис» УК ООО-р (Налшык къ.), «Жилстрой» УК ООО-р (Прохладнэ къ.), «Монолит» УК ООО-р (Налшык къ.). КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и къэрал комитетым абыхэм я унафэщIхэм квалификацэ аттестатхэр щыхуагъэушыжащ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

ЩIыналъэ псоми щекIуэкIынущ

КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIуэхэм щIадзауэ республикэм и щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщ пассажир транспортым и лэжьакIэр зыхуэдэм, а Iуэхум теухуауэ иужьрей зэманым къащта хабзэ мардэхэм, апхуэдэу щIыхуэхэр автобусхэмрэ таксихэмкIэ къарашэкIын папщIэ хуитыныгъэ зратынухэр конкурскIэ къызэрыхахыным щытепсэлъыхь зэIущIэхэр. Апхуэдэ щIыналъэ Iуащхьэмахуэ районым. КъыкlэлъыкIуэ зэIущIэхэр къыщызэрагъэпэщынущ:

Шэрэдж щIыналъэм - мэлыжьыхьым и 21-м;

Шэджэм щIыналъэм - накъыгъэм и 12-м;

Аруан щIыналъэм - мэкъуэуэгъуэм и 2-м;

Тэрч щIыналъэм - мэкъуэуэгъуэм и 16-м;

Прохладнэ щIыналъэмрэ Прохладнэ къалэмрэ - бадзэуэгъуэм и 14-м;

Май щIыналъэм - шыщхьэIуэм и 18-м;

Лэскэн щIыналъэм - фокIадэм и 15- м;

Дзэлыкъуэ щIыналъэм - жэпуэгъуэм и 13-м;

Бахъсэн районымрэ Бахъсэн къалэмрэ - щэкIуэгъуэм и 10-м;

Налшык къалэм - дыгъэгъазэм и 15-м.

ЗэIущIэхэм щыщIадзэр сыхьэт 15-рщ.

«ТекIуэныгъэ Иным и лIыхъужьхэр»

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр совет зауэлIхэм къызэрыщахьрэ илъэс 70 зэрырикъур щагъэлъапIэм ирихьэлIэу Урысей Федерацэм Зыхуэмэхьанныгъэмкlэ и министерствэм Щэнхабзэмкlэ и управленэмрэ «Не секретно» тхылъ тедзапIэмрэ ирагъэкIуэкI «ТекIуэныгъэ Иным и лIыхъужьхэр» литературэ зэпеуэр тхыдэм, зауэм, Хэкум фIыуэ лъагъуным теухуа рассказ нэхъыфIхэр къыхэхыным къыхуэзрагъэпэщаг.

ЗЭПЕУЭР Iыхьэ зыбжанэу ирагъэкIуэкIынущ. Апэм къыщыхахынущ абы хагъэхьэну лэжьыгъэхэр. Ар 2015 гъэм накъыгъэм и 7 пщIондэ екIуэкIынущ. ЕтIуанэ Iыхьэр 2015 гъэм мэкъуэуэгъэм и 10 пщIондэ щыIэнущ, абы лэжьыгъэхэм я фIагъыр къыщалъытэнущ. Зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъытэ тхыгъэхэр традэзнущ 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 1 пщIондэ - ар ещанэ Iыхьэщ.

2016 гъэм мазаем текIуахэр ягъэпэжэнущ.

Зэхьэзэхуэм рассказ щхьэхуэхэр евгъэхь хъунущ, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ цIыхухэм зэрахьа лIыгъэм теухуауэ. Нэхъапэм трамыдза тхыгъэхэр е 2012-2014 гъэхэм къытехуахэр зэпеуэм евгъэхь.

Тхыгъэхэр урысыбзэкIэ электрон Iэмалым тету мы хэщIапIэм Iэрыгъэхьэн хуейщ: **roi66@mail.ru**. Лэжьыгъэм дащIыгъпхъащ ар зэитхам и биографиер, щыпсэу щIыпIэр, и сурэтыр.

Зэпеуэм нэхъ зыубгъуауэ мы сайтым зыщыкэвгъэгъуазэ хъунущ: **http://героивеликойпобеды.рф**.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкlэ и къэрал комитетым периодикэ печатымкIэ, тхылъ къыдэгъэкIынымрэ полиграфиемкIэ и къудамэ.

Литературэмрэ зауэ лъэхъэнэмрэ

«МафIэлыгъэ зауэм и лъэхъэнэ гуимыхужхэр» фIэщыгъэм щIэту Нарткъалэ щекIуэкIащ ТекIуэныгъэм хуэзэкалъхьа усэхэм къыщеджа районпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ щIыналъэм и библиотекэхэзэм ныбжькIэ зэтемыхуэ я щIэджыкIакIуэу 32-рэ.

ЗЭПЕУЭМ хэтхэм фIыуэ зэрызэрагъэхьэзырар нэрылъагъуу, тхылъ хъумапIэм и зэхуэсыпIэ пэшышхуэм къыщыIуащ Хэку зауэшхуэм и бэлыхь псор зи сатырхэм къыхэщ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я Iэдакъэщ IэкIэр. Абыхэм ящыщт Джалиль Мусса, Окуджавэ Булат, КIыщокъуэ Алим, Рождественский Роберт, Твардовский Александр, Симонов Константин, Коржавин Наум сымэ.

Зауэ лъэхъэнэ шынагъуэм и зы теплъэгъуэри нэгум къыщIагъэхьэу цIыкIуэр кьеджащ Киевская Ольгэ «Анэм и баллада» зыфIища тхыгъэм, «Освенцим гъэрэщым ис сабийхэр», «ХьэкIэхъуэкIагъ» усэхэм.

Зэпеуэм щытекIуэхэщ фIым я фIыжу зыкъзэзыгъэлъэгъуахэу Псэнныкъуэ Миланэ (Шэрэдж Ищхьэрэ), Хьэжкъуш Камиллэ (Аруан), Къуэшоркъуэ Иннэ (Псыгуэнс), Аруан щIыналъэ библиотекэм и лэжьакIуэ Дол Марие сымэ.

«Мы зэхьэзэхуэхэм къыщыIуа усэ сатырхэмкIэ фэ фIыхэуащ ТекIуэныгъэ Иныр гъэлъапIэным хуаIэт Iэхъугъуэ нэхъ ин дыдэхэм. Фашизмэмебэныным зи псэр щIэзыгъэлъэгъуахэм я фэеплъыр хъумэныр псом ящхьэщ, - жиIащ щIыналъэ администрацэм щэхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI кьалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Хьэх Ритэ.

Тхыдэ гъуэгуанэм ироплъэ

Нарткъалэ дэт Сабий творчествэмкlэ унэм (ДДТ) щекIуэкIащ «Хэкум и тхыдэ напэкIуэцIхэр» зыфIаща щIыналъэ зэхьэзэхуэ.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр ильэс 70 щрикъум теухуауэ къызэрагъэпэща Iуэхугъуэм теухуауэ къэпсэльа, ДДТ-м и унафэщI Хьэмгъуокъу Зерэ еджакIуэхэр щигъэгъуэзащ хэкупсэ нэс ухьун папщIэ уи лъахэм къыдекIуэкI тхыдэм, цIыхубэм игъэва гугъуехь гукъинэжхэм ятеуауэ хъыбархэм фIыуэ хащIыкIын зэрыхуейм. Аращ зэпеуэм и купщIэу щытари.

ЩIыналъэи ит курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэхэм Хэку зауэшхуэм и тхыдэм теухуауэ ябгъэдэлъ щIэныгъэ къэпщытащ. Зэрагъэунэху дерсхэр апхуэдэу екъэлIат лIыхъужь цIарыIуэхэм, зауэ лъэхъэнэм къэралым ита дамыгъэхэм, дзэ техникэм, лIыхъужьыгъэ щIыхьыр зыхуагъэфэща къалэхэм, зауэм хэкIуэдахэм хуагъэува фэеплъхэм, нэгуэщIхэми.

Зэхьэзэхуэм хэта псоми щIэныгъэ хъарзынэ ягъэлъэгъуащ. Фым я фIыжу къалъытащ лицей №1-м и еджакIуэ гупыр. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ СОШ №5-м. Ещанэр Псыгуэнсу дэт СОШ №3-м хуагъэфэщащ.

Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

ТекIуэныгъэ Иныр ильэс 70 щрикъум зыхуэгъэхьэзырыныр Май щIыналъэм и кIэм щыноблагъэ.

НОБЭ заузм хэта ветерану, заузу щIыб лэжьыгъэ хьэлъэр зи фэ дэкIаехэу мы щIыналъэм цIыху 420-рэ щопсэу. Накъыгъэм и 9-р къэмыс щIыкIэ абыхэм я псэуIэр зыхуэдэр иджыри зэ къапщытащ, зыхуэныкъуэхэмкIи зыщIагъэхьэщ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм адэкIи къыпащынущ.

Мэлыжьыхьым и 15-м Май къалэм ТекIуэныгъэ Иным и бэракъыр щаIэтынущ. Хэку зауэшхуэм теухуа гъэзэгъуэныгъэхэр, гуфIэгъуэ пэкIуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр екIуэкIынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Фэеплъ

ФиIэпщэр ягу ихуркъым

КъБКъМУ-м агробизнесымрэ щIым елэжьыныкIэ и къудамэм щекIуэкIащ ФиIэпщэ Борис и фэеплъ щIэныгъэ конференц. Абы щытепсэлъыхьащ мэкъумэш хозяйствэхэм щIыр тэмэму къыщIагъэсэбэпынымрэ ерыскъыхэкIхэр хъума зэрыхьуну Iэмалхэмрэ.

КъУЭКIЫПIЭ къэралыгъуэхэм Урысейм къращIыIа санкцIэхэм къыдэкIуа гугъуехь цIыхухэхэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, мэкъумэшыщIэхэм кьалэныщхуэхэр къахудэкIуащ. Арац аграриехэр сыт хуэдэ Iуэхуми жэуапныныгъэ ин хэлъу бгъэдыхьэн хуейуэ зэманым къыщIигъэувыр.

Университетым и ректор Апажэ Аслъэн зэIущIэр къызэIуиха нэужь, профессор ФиIэпщэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэ гъуэгуанэмрэ теухуауэ къэпсэльащ щIым елэжьныкIэ кафедрэм и профессор Хьэщlэлl Руслан, къэкIыгъэхэмкIэ кафедрэм и доцент Королевэ Лидэ сымэ. Конференцыр къызэзыгъэпэщащэми абы жыджэру хэтахэми псыхьыкIыжу къыгъэхьэжу псалъэкIэ захуигъэзащ профессор ФиIэпщэ Борис и къуэш Залымджэрий.

ЗэIущIэм крикьэлIахэм ФиIэпщэ Борис и фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъха нэужь, конференцым и лэжьыгъэм къудамэхэмкIэ гуэшауэ пащащ.

ВЭГЪЭДЗЫКЪУЭ Лалэ.

«Сабий декларацэм» Iэ щIадз

«Сабий гъащIэр къевгъэл» урысейпсо акцэр даIыгъыу Iуэхугъуэм къыхьыхащ христэн, мусльымэн, иудей дин конфессиехэр. Абыхэм я Iэтащхьэхэм къыхагъэщащ гъэгум тет сабийхэм я гъащIэр хъумэныкIэ, ахэр гъэсэныкIэ жэуап зыхьыр, гъуэгуэхэм щытыкIэр щегъэфIэкIуэныр зыхуэфIэкIынур балигъэр арауэ зэрыщытыр.

«ГЪАЩIЭР Тхьэшхуэм и тыгъэщ! Гъуэгум щызекIуэ дэтхэнэми а тыгъэр яхъумэну къыхуэдожэ! Тхьэшхуэм дэри ди щIэблэри къихъумэ!»,- къыхигъэщащ Псыхуабэрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилакт.

А къыхуеджэныгъэр даIыгъащ республикэм и къалащхьэм, Май, Прохладнэ щIыналъэхэм я дин Iэхъущ Iапlэхэм я лIыкIуэхэми.

«ПщIэ зыхуэтщI къуэшхэ, шыпхъухэ! Гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр бгъэзащIэкIэрэ Фэ езым фи гъащIэм зэхуэдэу, нэгуэщIым ейми пщIэ хуэщIыным къыхуезыджэ Тхьэшхуэм и хабзэм фытетщ. Гъуэгуэм шынагъуэнщ зэрыщыщызыIыгъыпхъэ хабзэхэм набдзэгубдзапIъуэ фыхущыткIэрэ ди Щхьэщыгъэ ит Тхьэшхуэр арэзы фщIыну сыщогугъ», - жиIащ КъБР-м и Мусльымэнхэм я дин Iэхъущ Iапlэм и тхьэмадэ Дзасежь Хьэрэталий.

Абы и псалъэхэм къыпищащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и ведарин нэхъыщхьэ Шабаев Леви икIи къызэхуэсахэр къыхуриджащ пщIэ зэхуащIу, зэхуэсакъыу зэхуищытыну.

Дин лэжьакIуэхэм гъуэгум щызекIуэхэм хабзэм тетыну зыхуагъэзащ. Абыхэм «Сабий декларацэм» Iэ щIадзащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапlэ.

● ЩIэныгъэ

КIэух зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым щекIуэкIащ Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм и жьауэм щIэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджа студентхэм, аспирантхэм, егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыфIхэр щагъэлъагъуэ урысейпсо зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ IыхьэР. Апхуэдэу мы махуэхэм Iэщ медицинэмрэ биотехнологиемкlэ къудамэм щыIа щIэныгъэ конференцым хэлъщIыIу щащIащ IэнатIэ щхьэхуэхэм я Iуэхур егъэфIэкIуэным хуэгъэпса къэхутэныгъэ лэжьыгъэфIхэр. ЗэIущIэм докладу 32-рэ щащIащ Iэщ медицинэм щIэуэ къыхьыжа иджырей мардэхэм, зоотехнием, хамэ къэралыгъуэхэм къыщащэку хущхъуэхэм я пIэ иувэ пкъыгъуэхэм ятеуауэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ я зэфIэкI щагъэльагъуащ предприятэхэр зыхуей-зыхуэфIхэмрэ электрокъарукIэ къызэгъэпэщыныкIэ къудамэм щеджэжьи. ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ зэпеуащ.

Утыку ирахьэ лэжьыгъэхэм дыкъзэзыухъуреихь дунейм и лъэныкъуэ куэдыр къызэщIаубыдэрт. Апхуэдэт, кьапщтэмэ, «Тэрч къыхэж псы цIыкIухэм я кьабзаГъэр зыхьмэныкIэ псы хозяйствэмкlэ системэ щхьэхуэ зэгъэпэщыным пыщIа лъэпощхьэпохэмрэ» (Кьанкъут Линэ), «КъБР-м и мэкъумэш хозяйствэхэм щIым къыщIаш псыр губгъуэхэм зэрыщIагъэлъэдэну Iэмалхэр» (Шыгун Алий), «КIэрыхубжьэрыху быдэхэмрэ ткIуэткIуэхэмрэ зэрыщIавэ щIыкIэхэр» (Штыря Валентинэ), нэгуэщIхэри.

ПэщIэдзэ зэпеуэхэм щагъэльагъуэ зэфIэкIхэм елъытауэ щытынущ кIэух зэхьэзэхуэм утыку къыщрахьэнухэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЩIэблэр спортым хузэщIагъэуIуэ

«Олимп патруль» урысейпсо спорт-егъэджэныгъэ программэм и зи чэзу Iуэхугъуэр зэмылажьыным и 7-8-хэм Налшык къалэ и курыт еджапIэ №99-мрэ №95-мрэ щекIуэкIащ.

«ОЛИМП патруль» - Урысейм и Олимп комитетым и программэм и купщIэ нэхъыщхьэр сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ олимп зэщIэхъеныгъэм яхутепсэлъыхьынырщ, спортым удихьэным фIагъуэ хэлъыр, гъащIэ узынымэ дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр ягу къэгъэкIыжынырщ.

Программэм 2014 гъэм и бадзэуэгъуэм лэжьэн щыщIидзащ сабий центр нэхъ инхэмрэ зэпеуэхэм зэхуэсыпIэ лагерхэмрэ, Краснодар крайм щыIэ «Орлёнок», «Смена», Кырым и «Артек» центрхэр, къищынэмыщIауэ, Сочи и Олимп паркым щыIэ Урысейпсо спорт-узынщагъэр щрагъэфIакIуэ сабий центрыр хьыкъу. Нэгъабэ и фокIадэм «Олимп патруль»-р Урысейм и школхэм щызэхаублащ.

Проектым хэтщ Урысейм и спортсмен цIэрыIуэхэр - Олимп Джэгуэхэм, Европэ, дунейпсо чемпионатэм куэдрэ щытекIуэхэр. Абыхэм ящыщщ шорт-трекымкIэ хэнейрэ Олимп чемпион Ан Виктор, лъэрыжэкIэ фигурнэу къэжьыхьымкIэ щэнейрэ Олимп чемпионкэ Роднина Иринэ, хоккеймкIэ щэнейрэ Олимпиадэм и чемпион Третьяк Владислав, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ щэнейрэ Олимпиадэм щытекIуа Карелин Александр, боксымкIэ дунейпсо чемпион Валуев Николай, теннисымкIэ спортым щIыхь зиIэ и мастер Сафин Марат сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Олимп патруль» Iуэхугъуэхэр езыгъэкIуэкIхэм къызэрыхагъэщащи, а программэм мы гъэм хиубыдащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщ дэтхэнэми и курыт еджапIэу 2. Ди щIыхьэрым и школитIри абыхэм ящыщщ. Курыт еджапIэ №99-мрэ №95-мрэ проектым и программэм ипкъ иткIэ Олимп дерсхэр щекIуэкIащ. 5-9-нэ классхэм щеджэхэм спортым и тхыдэм зэрыхащIыкIыр ягъэлъэгъуащ, олимп зэщIэхъеныгъэм теухуа уплщIэхэм жэуапхэр иратащ. АдзкIэ «Си Олимп» спорт тест ирагъэкIуэкIащ.

НыбжьыщIэхэр жыджэру, дзрэжьэгъуэ яIэу хэтащ «Нэхъ псынщIэу, нэхъ лъагэу, нэхъ лъэщу» квест-джэгум. Абы и мурад нэхъыщхьэр спорт ехьулIныгъэ лъагэхэр зыIэрыгъэхьэныр зэрымытыншыр, абы уи къару, гуащIэ епхьэлIэн, гущыIэныгъэ пэзыгуэйр школакIуэхэм я деж нэхъэсыныр. ЕджакIуэхэм хуагъэльэгъуащ зэгъэуIуауэ боксерым - Урысейм и Олимп командэ къыхэхам хэтым - махуэ кьэс иригъэкIуэкI тренировкэ мардэм - кIапсэм 3000-рэ ельэныр - зрапщытыну. ШколакIуэхэр, щхьэж зэрыхуэзэфIэкIым хуэдэу дзлъеящ. Абыхэм зыхащIащ олимп медалхэм ухуэзышэ гъуэгуанэр зэрыгуГур.

Апхуэдэу школакIуэхэм «Олимпийский фотокросс» ирагъэкIуэкIащ. Сурэт нэхъыфIхэр «ВКонтакте» социальнэ сетым и «Олимпийский патруль» нэхъыщхьэм иралъхьэну хуагъэлъэгъуащ.

«Олимп патруль» спорт-егъэджэныгъэ Iуэхугъуэм хэтащ кьрагъэблэгъа хьэщIэ лъапIэхэр: Олимп чемпион Хъущт Асльэнбэч, абы и гъэсакIуэ Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ щIыхь зиIэ и тренер Кьардэн Анзор, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ 2000 гъэм и Олимп чемпион Кьардэн Мурат, Сидней щекIуэкIа Олимп Джэгуэм спорт гимнастикэмкIэ жэз, дыжьын медалхэр къыщызыхьа Продуновэ Еленэ. КъыхэдгъэщынщI, Еленэ Дон Ростов къалэм щыщщ, иджы Налшык щопсэу, щолажьэ, илъэс етIуанэ хъуэуэ Сабий стадионым спорт гимнастикэмкIэ и школым сабийхэр щегъасэ.

Курыт еджапIитIми щекIуэкIа «Олимп патруль» Iуэхугъуэм къыщыхэжаныкIа школакIуэхэм гуфIэгъуэ щытыкIэм иту саугъэтхэр иратащ, абыхэм спортсмен цIэрыIуэхэм ящыIыгъу фэеплъ сурэтхэр зытратэжащ, автографхэр къыIахащ. Спортым къыдэкIуэр, еджакIуэхэм я зэфIэкIыр щагъэльагъуа художественнэ самодеятельностым и концертхэри екIуэкIащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Сурэтыр **ЛIыгъур Чэмал** *трихащ.*

● Атлетикэ хьэлъэ

Япэ дыщэ медаль

Атлетикэ хьэлъэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и чемпионат «Налшык» спорткомплексым махуэ ещанэ хуэуауэ щокIуэкI. Зэпеуэм спортсмени 110-рэ хэтщи, 32-р КъБР-м щыщщ. Абы къыщыхахынущ мы гъэм бадзэуэгъуэм и кIэухым Каспийскэ щекIуэкIынну Урысей чемпионатым хэтынухэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къыщызэIуахым КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур спортзалым къыщызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ зэхуигъэзащ. Спортсменхэм, абыхэм я тренерхэм чемпионатым екъуIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьэмэ, зэрыщыту спортым лъагэ-пIэщIэхэм щынэсмэ зэригуапэр яжриащ.

Япэ махуэм КъБР-м и щIыхьэр зыхьумэ ди атлетхэм ящыщу Шэжэм Михаил и гъэсэн Стародубцевэ Еленэ (кг. 63-рэ хьэлъагъым нэс) дыщэ медаль зыIэригъэхьащ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

● Волейбол

Бжьыпэр зыубыдахэр

Прохладнэ къалэм и «Кавказкабель» заводымрэ курыт школ №14-мрэ я спортзалхэм щекIуэкIащ щIалэгъуалэм волейболымкIэ я зэхьэзэхуэ. КъБР-м и курыт еджапIэхэм щрагъэкIуэкI спартакиадэм ипкъ иткIэ, къызэрагъэпэща зэпеуэхэм хэтащ командэ 12.

СПОРТСМЕНХЭМ я зэфIэкI щагъэльагъуащ предприятэхэр зыхуей-зыхуэфIхэмрэ электрокъарукIэ къызэгъэпэщыныкIэ къудамэм щеджэжьи. ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ зэпеуащ.

Утыку ирахьэ лэжьыгъэхэм дыкъзэзыухъуреихь дунейм и лъэныкъуэ куэдыр къызэщIаубыдэрт. Апхуэдэт, кьапщтэмэ, «Тэрч къыхэж псы цIыкIухэм я кьабзаГъэр зыхьмэныкIэ псы хозяйствэмкlэ системэ щхьэхуэ зэгъэпэщыным пыщIа лъэпощхьэпохэмрэ» (Кьанкъут Линэ), «КъБР-м и мэкъумэш хозяйствэхэм щIым къыщIаш псыр губгъуэхэм зэрыщIагъэлъэдэну Iэмалхэр» (Шыгун Алий), «КIэрыхубжьэрыху быдэхэмрэ ткIуэткIуэхэмрэ зэрыщIавэ щIыкIэхэр» (Штыря Валентинэ), нэгуэщIхэри.

ПэщIэдзэ зэпеуэхэм щагъэльагъуэ зэфIэкIхэм елъытауэ щытынущ кIэух зэхьэзэхуэм утыку къыщрахьэнухэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Псалъэжьхэр

Узыпэмылъэщынум зыпэщ1умысэ

♦Узигъусэм и фэ хъуаплъ.
♦Узыпэмылъэщынум зыпэщ1умысэ.
♦Узытел1э нэхъ къыптел1э.
♦Уи жы1э уи Іуэхук1э гъэдахэ.
♦Уи жьэ зэсэмэ, уи нэмыс мэкъута.
♦Уи напщ1э темылъ тумылъхьэ.
♦Уи І эмыщ1э имылъым ущымыгуъ.
♦Ук1ытэншэ пэшэгъу умыщ1.

● Фэ фщ1эрэ?

Лъэпкъым къыдогъуэгурык1уэ

Къэфапщ1э. Унэишэм щыгъуэ нысащ1эр и гуащэм трагъэхьэну щыщ1ашэм деж, фыз къэзышам и Іыхьлы щ1ыхэбз л1ы дэк1уэхэмрэ лъэпкым я нысэхэмрэ гъуэрыгъуэурэ къаугъафэ. Хабзэмк1э, хэт къэмыфэми, къэфапщ1э итын хуейщ. Къэфапщ1эу ят бжьэ, джад ук1а, шхын тепщэч, н.къ. Хабзэр ди зэманми щы1эщ, ауэ иджы къафэми къэмыфэми къэфапщ1э ирагъэт.

Къепхъых. Нысашэм щыщ хабзэщ. Нысащ1эр и гуащэм трагъэхьэну «уэредэдэк1э» унэм щыщ1ашэм деж, дэ щ1ыкIу, ахъшэ жьгъей, к1энфет и щхьэм къраплхьык, «къуэ бын, щэ бын ухьу» жа1эурэ. Къепхъых зыщ1ыр нысэ къэзыша унагъуэр аращ. Хабзэр ди зэманми щы1эщ.

Къуэ жьагъэ. Гуфіэгъуэм ехьэла хабзэщ. Іуэху яубзыхуну къэбзэрдей жылагъуэр щыз3эхьхьа махуэм зыгуэрым и унагъуэм къуэ къралъхуамэ, абы вышІэ зэхуэсым иригъашэрт, зэхьихьэм хэтэм яригъэшхыну. Абы «къуэ жьагъэк1э» еджэрт.

Къуажэдэху. Жылагъуэ зэхэтык1эм епха хабзэщ. Пасэм щыгъуэ жылэм е1уэщ1э, дыгъу, щ1ыхуэм яхэмызагъэ къахэк1амэ, къуажэдэс нэхъыжьхэр зэхуэсыр ти, унафэ я1ыхьэрт апхуэдэр яхэмк1эн хуейуэ. Щ1ыхуэхэр бэлыхь хэмык1ыу зыгъэпсэу е1уэщ1эр къуажэм дэгъэк1ыным «къуажэдэхук1э» еджэрт.

Адыгэм тутнакъэщи я1этэкъым, хъумак1уи я1ыгъэтхъым. Щ1ыхуэ зыук1ар, лъэпкъэр бий зэхуищынк1э хъуну к1уаншагъэ зылэжьаер къуажэм дагъэк1ыу арат. Аращ адыгэхэм «хэхэсщ» жа1амэ, гурыщ1хуэ, дзыхь хуэмыщ1ыныгъэ мыхьэнэи кърагъэк1ыу щ1ыщытар.

Къуажэхъехуэк1. Жылагъуэ зэхэтык1эм епха хабзэщ. Я1пэм щыгъуэ къуажэдэс гуэрым е3ыр зыщ1ыщ жылэм щыпсэуэхэм я мылъку, Іэщ къидыгъауэ яубыдамэ, дыгъум и хьэкъыр зыубзыхур хеящ1эрт. Псом я1пэу ар мылъкыр зыс1эк1уэдам еупщ1ырт: «Сыт мыбы етщ1эну?» - жи1эрти. Хэти ф1адыгъуэр к1ыи1ихьжырти, абык1э зэф1эк1ырт, хэти ф1адыгъуам хэущэ щ1ыгъуу к1ыи1ихырт. Ауэ щ1ы1эт къэувхэри: «Дя1эк1э мыдыгъуэжьн папщ1э, къуажэм къыщефхуэк1», - жи1эу.

И1ужьрейм хуэдэ унафэмк1э хеящ1эр аразы хъуамэ, щ1ыхухъуит1-щы хахырт, абыхэм г1уор щ1агъужьырти, дыгъур, къидыгъуар и1ыгъ1ыу, ар І эщ1ихэ, я1пэ иту, къуажэм къыщ1ахуэхэк1ырт. Дыгъур к1иину ирахуэл1эрт: «Дыгъуасэ е ныжэбэ мопхуэдэм и танэ е и мылъку къэзды1уацш, сыкърахуэк1!» - жи1эуэрэ.

Къуажэжьехуэк1 щащ1к1э, щ1ыхуэр зэрымым къытеуВэн хуейуэ хабзэм къигъэуВырт. Апхуэдэ щ1ыкIэк1э къуажэм къыщрахуэк1ам и хьэлыр зыхинэрт е къуажэм дэк1ырти, нэгъуэщ1 щ1ынт1э Іэпхъуэрт.

Къуажэ тхъэрыІуэ. Жылагъуэ зэхэтык1эм, щ1ыхуэм я псэук1эм ехьэл1ауэ адыгэхэм къадек1уэк1ыу щыта хабзэщ. Жылагъуэ мыхьэнэ зи1э Іуэхум ехьэл1ауэ къуажэм щ1ыхуэ ба1ыгъуэ дзэсым зэдыщ1эк1ыу тхъэ щрагъа1уэм «къуажэ тхъэрыІуэк1э» йоджэ. Псалъэм папщ1э, къуажэдэсхэм тхъэ ирагъа1уэу щытащ мыдыгъуэнхэу, сыт хуэдэ Іуэху хэмыхуэхэми, І эщэ къызыхурамыхьну, тхъэрыІуэм ебакъуэхэр ямыбзыщ1ыну, нэгъуэщ1хэри. Хабзэм къызэригъэувымк1э, тхъэ щ1а1ыар ягъэпэжьн хуейт. Зыщымыгъуаз е фІыуэ зыхамыщ1ык1 Іуэху гуэр щхьэк1э тхъэ я1уэу щытакъым.

Хабзэр хуэм-хуэмурэ к1уэдыжащ.

ДУМЭН Хьэсэн.

Урыс пащтыхь гуащэ **Идар Гуащэнэ** *(XVI л.)*

Мысыр пащтыхь гуащэ **Наурзокъуэ Фаридэ** *(XX л.)*

Кавказ Ищхъэрэм и ц1ыхубзхэм ящыщу ап1э дыдэу Эверест дэк1а **Мэз Каринэ**

УФ-м щ1ыхь зи1э и артистка, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Жьак1эмыхъу К1ынэ**

Усак1уэ **Балъкъэр Фоусэт** *(КъБР)*

Франджы балетым и примэ **Щэмырэ Моникэ (Черинэ Людмилэ)** *(XX-XXI л1л.)*

Искусствоведенэм и доктор, профессор **Абыкъу Фат1имэ** *(Тыркумэн)*


Франджы литературэм и классик **Аиссе** *(XVII-XVIII л1л.)*

Усак1уэ **Хъунэгу Надия** *(Иорданиэ)*

«Адыгэ бзылъхугъэ»

Продюсер ц1ары1уэ Нэгъаплъэ Аскэрбий «Адыгэ бзылъхугъэ» («Черкешенка») зыф1ищ и фильмыщ1э дунейм къытехьащ. Франджым, Тыркум, Иорданиемрэ, Мысырым, Сирием, США-м, Германием, Урысейм щ1ипсэуа тхак1уэ, политик, киномрэ театрымрэ я актрисэ, сурэтыщ1, композитор зэчиф1эхэм, хьанэхэм, пащтыхьхэм я щхьэгъусэу щыта адыгэ бзылъхугъэ ц1эрыІуэхэм ятеухуащ мы документальнэ фильмыр.

Фигу къэдгъэк1ыжынщи, нэхъапэк1э Нэгъаплъэм адыгэ Іуэхум теухуауэ фильми 4 трихац: «Черкесия», «Черкесия. Адыгэ хабзэ», «Черкесия. Чужбина», «Черкесия. Возвращение».

Фильмыр Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлэгъуэл1эм щек1уэк1ынщ мэлыжьхьыхьым и 23-м сыхьэт 17-м.

Дунейпсо, Къэбзэрдей Адыгэ Хасэхэм а Іуэху дахэм фыхэтыну фрагъэблагъэ. Фильмым епл1ыну гупыж зыщ1 псори абы пщ1эншэу щ1ыхьэфынущ.

Тырку киноактрисэ тел1ыдж **Шорэ Туркъан**

● Тхыгъэ к1эщ1

Нолым и зэф1эк1ыр

Т1ур Щым хуэзащи хуотхьэусхэ?

- Сыту хьэтырынш3 мы Нолыр! Зы къызэт жыс1эри сел1ъэуати, тхъэ и1уащ имыІэу.

- Нт1э сэри къызимыты-ну п1эрэ, згъэунэхунти, - жи1эри Щыр Нолым деж к1уащи, и01ъэу:

- Ей, Ноль, хуабжьу сыхуэнькъуэ хъуащи, къхьі1э, Зы е Т1у къыз3ат хьэхуу.

Нолыр абы гуап3 дыдэу къыІущ1ащ.

- Айэ, уэстынт, Щы! Хьэху зрамытыр уэ пхуэдэ? Ауэ, уэлэхьи, сэ Зыи Т1уи симы1э. Дэнэ къисхьн? Сыхъурей закъуэу дунейм сытетщ. Сэ слъэк1ращи, зи ужь сиувэ бжьгъэр куэдк1э согъэбзагъуэф. Уи ф1эщ мыхъумэ, уи ужь сигъэувэ - занщ1эу Щ1ащ1 ухъунущ.

- А жьхуэп1эр сыту хъарзынэ! Къиувэ си ужьым!

Арати, Щыр Щ3щ1 хъуауэ хуэздзэк1уэжьым, аргуэру Т1ум хуэзэжащ, арщхьэк1э мобы Щыр къиц1ыхуэжьркъым, Щ3щ1 хъуащи.

- Уэ, Т1у, ущыуащ, Нолым зыри зэримы1эр умыщ1эу уел1эуащ, армыхъумэ, ар хьэтырыф1э гуэру къ3щ1эк1ащ, - жи1ащ Щыуэ щытам.

- Мис, сэ си ужь къиувэри си зэф1эк1ыр куэдк1э нэхъ ин ищ1ащ - сэ иджы Щ3щ1 сыхъуащ. Уэри уи ужь Ноль игъэуви, Т1ощ1 ухъунущ. И1тІанэ абы гукъанэ хуэпщ1ыжьынкъым.

КЪАГЫРМЭС Борис.

● Хъуэхъу


СССР-м Узыншагъэр хъумэнымк1э и отличник, УФ-м, КъБР-м щ1ыхь зи1э и дохутыр Чэрим Борис Лэкъумэн и къуэм и махуэ л1ъапІэмк1э дохъуэхъу

Пщ1э зыхуэтщ1, фІыуэ т1ъагъу ди нэхъыжьыфІым узыншагъэ уи1эу, дэрэжьгъуэмрэ гуфІэгъуэмрэ уи куэду, дыбгъэгушхуэрэ удгъэгуфІэу, уи пщ1эр л1агъэу, быным, абы я щ1эблэм я насып п1ьагъуу, унагъуэ жьэгъуэ мыужьыхьыу т1ухэхъумэу куэдрэ укъытщ1хэщ1ыну, уи дунейр нэхуу, гуауэр ппэ3щ1эу, ноби хуэдэу удиущиякІуэу, удичэнджэщэгъуэу ди я1пэ уитыну Тхъэм жи1э!

Уи унагъуэр.

Псалъэзэблэдз

Ек1уэк1ыу: **1**. Щ1ыщ1ы3м, щ1ыуэлбанэм деж І эщ1ыхъуэхэм, мэлыхьуэхэм, щ1ыхъуэхэм щхьэм кърапхъух, пщ3м кърашэк1. **4**. Фэм псы дищ1эу къэушырыба. **7**. « ... бэлътокур, уей, жи, уей, І эгум йок1уадэр, уей, жи, уей » - Къ1ашбгръэ Билалрэ Щ0джэнщ1ык1у Нурийрэ я1уэ уэрэд гъэрыІуэм щ1ыщ1. **8**. « ... куэдрэ къ1ыс1уомыупс», - унафэщ1ым жреІэ игъэлажьэ щ1ал3м. **9**. Къ1ыдалъхуауэ, щ1ыхум и щ1ыфэм хэт. **10**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжи1эмк1э, ар дэм хуэдэщ. **12**. Зи пхъафэр щхъуафэ-ф1ыщ1афэ, зи тхъэмпэхэр ин, зи г3ъэхэм бжьэм фо къ1ыэупах жыг. **14**. Псы ф1ей ина. **15**. Жэщу ф1эк1 къемыжьэ, дзыгъуэм І эзэу ещак1уэ къуалэбзу щхьэшхуэ. **17**. Къуажэдэсым и гъаВэр, нэгъуэщ1 ерыскъыпхъэхэр щ1ыхуэм хабзэ. **20**. «... пы3у пыту ит1у жыг» - псынщ1эрыпсалъэ. **21**. Махуэщ1э. **22**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжи1эмк1э, фо нэхъ3р ар нэхъ І эфщ1. **25**. Къэбэрдей тхак1уэ, усак1уэ. **26**. Члисэм ф1эл1э уэзджьнэщхуэ. **28**. К1уэ пэтми бжьи3 зымык1у. **29**. Ди Правительствэм хэт адыгэ министр. **31**. Губгъуэм къыщ1рихьэл1э гъавэр колхозым щы3этрик1ытэ щ1ыпІэ. **34**. Щ1алэ бжьыфІэ, ек1у, І эпкъльэпкъ зэк1эльэык1ыу зи1э. **35**. ... щ1ытхъуи щ1эр къащтэ. **36**. Бахъсэн районым хиубыда къуажэ. **37**. Абы и щыгъыныр зэремык1ур жесІэу ... къэсхьыну сыхуейк1ым. **38**. ... жащ - мазэр уафэм щимыс жащ.

Къехьу: **1**. Венгриеи и къалащхьэ. **2**. Щ1эжьей. **3**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **4**. Совет Союзым и чемпион зыбжанэрэ хъуа, Европэм и зэхьэ3эхуэщхуэхэм мыз3мыт1эу щытек1уэ адыгэ щууей щ1ырыІуэ ... Жамбот. **5**. ... и п1э ... къ0к1эж. **6**. Фейцейуэ хуэпа щ1ыхь. **11**. Мэлыфэ гъэтджа е ... джэдыгу. **13**. Щ1ыхуэ І эл, гущ1эгъунш3. **16**. Ди нысащ1эр ... зытелъым я нэхъ дахэщ. **18**. Пхъэ сахуэ. **19**. Пасэрей І эщ3 зэрыпыджэ. **23**. Ди щ1ыпІэм куэду къыщ1ык1 удэ тхъэмпэшхуэ. **24**. Шэрэзк1э къоуэ хьэдзэбадзэ. **26**. Гуэгушыхъум, къазыхъум я бгъэм тет пш3рыпІэ. **27**. І эпсльэпс. **30**. Гъавэ нэхъыбэ ирагъэхуэн папщ1э щыгум, шьдыгум трагъэувэ. **31**. Зыгъэпск1ыпІэ. **32**. ... и къуэ нарт Щэуей. **33**. Мэлыц щадж, щыгъынныпхъэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Ек1уэк1ыу: **1**. Щ1ыкІэ. **3**. Балъкъ. **6**. Нэм. **10**. Хъуэр. **11**. Бзыхьэхуэ. **12**. Унэкъуэщ. **13**. Сэдэкъэ. **14**. Псы. **15**. Щ1ыпсэ. **17**. Киров. **21**. Гъуджэ. **22**. Фыгъуэнэд. **23**. Ибэ. **24**. Мастэ. **25**. Благъуэ. **27**. Пк1ьо. **30**. Жэнэзы. **33**. Къанкъуэщ. **36**. Уэлбанэ. **37**. Мет. **38**. Афэ. **39**. Хахуэ. **40**. І эдэ.

Къехьу: **1**. Щэнтиуэ. **2**. К1эмажьэ. **4**. Архъуанэ. **5**. Къэрэгъэш. **7**. Абгъуэ. **8**. Щхьэпс. **9**. І эсэ. **15**. Щ3джэм. **16**. Софят. **18**. Индыл. **19**. Вабдзэ. **20**. Дэхъу. **26**. Бжэ1ымых. **28**. Къомбэ. **29**. Пщ1ыхьэщ1э. **31**. Нартыху. **32**. Заур. **34**. Арэф. **35**. Къуэладжэ.

● ГушыІэ

Щхьэмрэ лъакъуэмрэ

Сэ си ныбжьэгъу гуэр деж лъагъунлъагъу куэдрэ сыкІуэрт... СыкІуэхункІи и лъакъуитІыр п1эщхьагъым телъу, и щхьэм зыри щ1эмыдзауэ гуэрлъыпІэм илъу срихьэлІэрти, ар гъэщ1эгъуэн къыс1щ1ыхъри, сеупщ1ащ:

- Мыр сл0, зиунагъуэрэ? Уи лъакъуэр щхьэнтэм телъщ, уи щхьэм зыри щ1эмыдзауэ ущ1ылъщ. Сыт мыпхуэдэу щ1эпщ1ар?

Си ныбжьэгъум зэуэ жэуап къы3изитьжащ:

- Си щхьэм и зэранк1э си лъакъуитІыр куэдрэ гугъу ехьащи, иджы зезгъэгъэпсэхужу аращ!

БЕКЪУЛ Барэсбий.

● ЖыІэгъуэхэр

Фыгъуэнэдыр къулей хъуркъым

♦Къулейсызыр мащ1э зи1эр аракъым - и1эр зыф1эмащ1эращ.
♦Къулыкъум хэти пщ1э кърелэжь, хэти и напэр хелъхьэ.
♦Къулыкъур нэхъ лъагэ хъуху, щхьэр нэхъ мэунаэ.
♦Л1эжьыгъэ удэзыхьэхыр тынщ.
♦Л1ы зэрагъэунэхур и Іуэхурщ.
♦Мащ1эр фІыщ1э зымыщ1ым, нэхъыбэ хуэфащэкъым.
♦Псалъэм Іуэху къыкІэлъымыкІуэмэ, абы и уасэр щ1ийщ.
♦Пхъуэмыфащэу къэплъыса къулыкъым пщ1э къриблэжьыныкъым.
♦Пщ1э зыхуамыщ1 нэхъыжьым и унафэр гъэзэщ1эгъуейщ.
♦Уи гугъуехь зыхэмылъыр гуэшыгъуафэщ1.
♦Уимы1эм утегуэзвыхь нэхърэ, уи1эм щыгуфыкІ.
♦Унафэ зыхуэзыщ1ынум ебгъэщ1 нэхърэ, унафэнщэри нэхъыфІщ.
♦Унафэ зыхуэмыщ1ыр унафэ щ1ынк1э ерыщщ.
♦Фыгъуэнэдыр къулей хъуркъым.
♦Фы зыхуэпщ1эм пщ1эк1э ущымыгугъ.
♦Щ1ыхуу щ1ык1ыр я мылъку я1ъэбзэгъэну зэрелэжьым хуэдэу, я щ1ыхугъэми хагъэхъуэну я1ужь итамэ, куэдк1э нэхъ къулей хъунт.
♦Щ1ыхубэм пашэу укъалъытэн щхьэк1э, уи зэф1эк1ыр къащ1эн хуейщ.

ГУБЭЩ1ЫК1 Владимир.

● Гупсысэр - псалъэк1э

Гум и къарур

Телъыджэу зэхэджащ щ1ыхуу гъащ1эр. Гъэщ1эгъэнми къыщыхэжьхьм ар плъыфэбзэу, къуэпсыбзу, нурыбзу ик1и къуабзэжьабзэу зэрызэхэлъым як1эльыплъыныр. Къыпхуэзмылъытэным хуэдизщ упщ1эу абы къытлъыкъуигъэк1 жьыхуэпІэр. Жэуапым я нэхъ пэжыр къуэлъэпхъэщ1ым, хэк1ыпІэм я нэхъ захуэр къэгъэуэтыным зэманэ тедгъэк1уадэри л1ыитэгъуейщ.Узыфэ І эубыдапІэнэшэм І эпкъльэпкъым зэрызригуащэм ещхьу, сэри апхуэдэ упщ1эхэм сызэщ1аубыдащ. Зэщ1аблащ, зэщ1ащтащ, зэхагъэзэрыхьащ си гъащ1эр. Дэнэк1э згъазэми - ипэк1э сык1уатэми, сык1ык1уэтми, дзэдзыхми - а упщ1эхэм дапщэщи си гъуэгур яуфэбгъу, гъуэм кърахуэ благъуэу къысп0тІыс, зы бэлыхь есщ1ами ярейуэ.

Фащэм я нэхъ дахэр хуэзгъэфащэу хэ1этык1э нагъыщ пагэк1э зэщ1эуэздэжа си лъагъуныгъэ дахащэми я щхъуыс шынагъуэр къыльагъэс, къопэбжьауэ, къонык1ыуэкъу яфІэщ1ыпсу. Си гур т1у иращ1ык1ыну къыхуо-дзэлашэ. Я щхьэр яг3эщхьарэ емыз3эшыжу къытоуІуэ, къопІэстхъ - зы дакъик1ы псэкуг1ъу ирагъахуэрхьэм яныкъуу елъэпэуэжьн мурадк1э къауфэрэзыхь сигу тхъэмыщк1эр. Гъырнэ1ырэ псэк1уэду ирызагъэхьэк1 си гъащ1эр. Щ1эращ1эу, щ1ащыгъуэу, хъуэпсапІэ зэмыфэгъуэзр ебэк1ыу зэгуэр сызыхэпсэук1а гъащ1эр...

Льэгуажьэмыщхьэ захуэсщ1у сел3эу, си щхьэр яхуэзгъэлъэхъшэ пэтми, я фІэщ схуэщ1ыркъым гур уунык1у зэрымыхъунур - ныкъуэдык1ыуэрэ къыхуэныкъуэ щымы1эжу, къеижэр къыхуэкъуэлпърэ, къаплъэнэф пэлъытэу ар дунейм къызэрытенэнур къагурыгъэ3ыуэфакъым... Сыз3хахкъым... Къысохуэдзэгущ... Гуитщ1ыкъитІу сагъэпсэуныр яфІэкъабылщи, лей къыстрагъэхьэ, хьэм ирагъэхь къупщхьэжьу си гум къодзэгъу, арщхьэк1э быдэ дыдэу зэрыубдауэ, фошыгъупсым хэлъэфа І эфІыгъэк1э псыхьыжауэ гум и курыкупсэм лъагъуныгъэр хэгъэпщ1ащи, дыгъэ бзийм къыхэча Іуданэ дыщэпск1э и гъунэхэр щэдзыхьыжащи, мыщ1э ц1уугъэнэ ц1ык1уурэ а лъагъуныгъэр гум хэз хуащи, І эрэмыпъхьэ-нэрэмыпъагъу къуалэбзуубзэ макък1э ар къедэхэщ1ащи, упщ1э нагъыщэу къыпэщ1эувэр зэрырищ1ык1ын, я лъапси, я къуэпси зэрыгъэгъущ1ын къару лъэщ зэрыкъуэлъым ирипагэрэ иригушхуэу гум къоц1ыук1, къопыдык1, къогуф1ык1... лъагъуныгъэр...

ЖАМБЭЧ Рабия.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Мэрэмэжьей

Мэрэмэжьейр щащ1ыр гъатхэращ. Пхъэ чейм и щ1эр щ1игъанэу фо ираК1э, фом и Іувагъым хуэдизу абы курыбэ трак1э, безым зэрыдэлъу фо тралъхьэ, аргуэру курыбэ трак1э. Апхуэдэу курыбэмрэ фомрэ къат-к1ату зэтету чейм из ящ1, и щ1ы1ым фо п1ащ1э трак1эжри и щхьэр ф1ыуэ ягъэбыдэж. Чейр кууэ къратІык1а кумбым ирагъэувэх, пъэбгъу тралъхьэ, І ыву ятІэ трак1ытэжри илъэсит1 нэск1э щагъэт. Нэхъыбэрэ щ1ытыху, нэхъ гуащ1э мэхъу. Хьэзыр хъуар щыуэ зэтожьбзык1.

Ищхьэм тетыр фадэ п1ащ1эращ (коньякым хуэдэу щ1ытщ) - хьэщ1э п1ьапІэм хутрагъэувэу щ1ытащ.

Ет1уанэр - фадэ ф1ыщ1э - пщ1ыжьэгъ-ж1ыжьхэм ирафу щ1ытащ.

Ещанэр - махъсымэ бырыкъу - къэрэхьэлъхьэм я фадэу арат.

Мыр гъатхэ шхыну яб3у щ1ытащ. К1эрт1офыр яук1эбз, ятхьэщ1ри т1у-щ1уэу яупщ1атэ, псывэм халъхьэ, шыгъу т1эк1у хадзэри и щхьэр тепІаэ, мафІэ ц1ык1ым тету дакъикъэ 28-30-к1э ягъавэ. И1тІанэ псыр щ1агъэжри фалъэм ирак1э, к1эрт1офыр бэлагъэк1э щ3бэ дыдэу яуб. Зэ3щ1эуэрэ к1эрт1офыпсыр щ1ак1эж. Ар шыпс п1а-щ1эм ещхь мэхъу. Шыуаныр мафІэм трагъэувэжри, бэлагъэк1э зэ1аудурэ, нартыху хьэжьгъэ ухуэнщ1а хаудэри дакъикъэ 15-16-к1э ягъажьэ.

Хьэзыр хъуа мырамысэр бэлагъыщхьэурэ тепщэчым ирал1ъхьэри лы. Гъур гъэжьа тралъхьэж. Зэрыхуабзу яшх. Мырамысэм шху, шатэ, къъуей, фІэІуГъэхэр йок1у.

Хал1ъхьэхэр (зы ц1ыху Іыхьэ): к1эрт1офыр укъэбзауэ - г 290-рэ, псыуэ - г 345-рэ, нартыху хьэжьгъэу - г 50, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхьжащ.

Гъатхэм сыдожьу

● Сабий уэрэдхэр



Псалъэхэр Щоджэн Леонид, макъамэр Жылау Арсен яйщ.

Жыг гъэгъахэм ехьжьауэ
Загъэщ1агъуэ, зыкърах.
Бжьэ ц1ык1у къомэри
ежауэ
А гъэгъахэм фо къыпах.

Ежьу:
Гъатхэ дахэ, гъатхэ щхъуантІэ,
Дунейр къыбдожьу.

Гъатхэ дахэ, гъатхэ щхъуантІэ,
Сэри сыбдожьу.

Къуалэбзухэм къэк1ужьауэ,
Щагъэ1у дэни макъ жьгъыру.
Псынэ ц1ык1ухэр, хуит
хъужауэ,
Къуалэбзухэм ядожьу.

Ежьу

Гъэугу жыжьэ сыкъикIри нобэ Сэ хьэщIэу сыкъыфхуэкIуащ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Бжьыхьэл Онур, Къайсэр вилайетым хыхьэ Жаныкъуей къуажэм щыщщ, къафэм хуэзыгъасэ, мазэ ипэкIэ Хэкум къэкIуэжыпащ:

- Псалъэзэри макъамэри ящIэрт къедаIуэхэм, дэри дыуэрэджьыкIыу гупщ. Ауэ Къэрэм апхуэдэ макъ Тхъэм къритауэ, хабзэм и курыкупсэм щапIауэ, и утыку итыкIэр ягу дихьащ. Уэрэд кIудейхэрахьыр ар зи фIыщIэр. Аэрэ щызэпищIэкIэ я зэхуакуэхэм дигъэувэ хьуэхъуэхэр, нэхъыжьхэм, нэхъыщIэхэм зэрепсалъэр - а псомри цIыхур игъэгушхуащ. Хэкум щыщ адыгэр я нэгу зэрыщIэтым ещхьт Чэрим. ИтIанэ нэгъуащIхэм ягъэзащIэ уэрэдхэр тIэу-ще уемыдаIуэу къыбгурыIуэркъым. Чэрим и къэпсалъэкIэр Iупщ1щи, жиIэр занщIэу къыбгуроIуэ.

Нэхущ Чэрим:

- Тыркур къызогъанэри, Къэбэрдеймрэ къыщызэбгъэдыхьэхэрэ: «Бзэм и дахагъыр, и IэфIагъыр тфIэмыкIуэдын папщIэ, си сабийкIи, си унагъуэкIи уи уэрэдхэр сэбэп къыскуэхъуащ»,- къызжезыIэхэр Iэпэр щIэзгъаШэурэ сыбжьиу сыхуэхьэмэ, схурикъункъым. «Уэдаiуэмэ, зэхэпщIыкIыу, псалъэпэр мышхауэ, псалъэкIэр пымышхыкIауэ, гурыIуэгъуэ дыдэу гум нэсу, тхьэкIумэм къиубыду щыпщы», - жаIэ. Сэ си фIыщIэ бэлъых абы хэлъу къысщыхъуркъым, Алыхьым и фIыщIэщ, сыкъэзыIъухаэхэм я фIыщIэщ.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ Тыркум щыпта концертым щыдгъэIуа уэрэд зыщыпIплIыр мис мы щIалэхэм къауIэрэхъэщыжауэ, зэрагъэпэщыжауэ, и макъыр ягъэтэрэзыжауэ зэрыщытыр.

Дэ, адыгэм, адрей лъэпкъхэм яхэмылъ шыIэныгъэр тхэлъщ. «Ухъ!» жытIэу утыку дыкIыIыдаэу зызэрыдмыщIыпхъэ зытщIыркъым, зэпIэзэрыту дыщытщ. Мыбыхэм уахэплъэмэ, Iэмалынашагъэу, яраби, иджыпсту мы гупыр зэдзекIуэу зэдэщытым, щхьэ сэ саxэмытрэ, нобэ сыхэмыкъэмэ, пщдей сыщIегъуэжынщ, жаIэурэ къызэрызэхуэсхэр пIаГъуэрт. Пэжу жыпIэмэ, цIыхухэм я пащхьэ упчIхьэкIэ, къоплъымрэ къодаIуэмрэ уэрэз уэзрыщIуэу, уэзгурыIуэу щызыхэпщIэкIэ, насыпышхуэщ ар утыкуакIуэм дежкIэ. Уэрэд къебгъэжьамэ, ар пIэпахмэ, уи макъыр зэхыумыхыжу къыбдежьымэ, ар щIыжуми дзапэ уэрэду яIэу аращ. Уи уэрэдыр зыщIыпIэ дежь щызэпIуымэ, гурыIэ къабзэм, адыгэлъ къызэщIэкъуэльъам къирихужьа псэ хьэлэлым кьитэджыкIыу, «Мыбдеж зы псалъэ дзэгъэзэуевэт» жаIэу уэзрыпсалъэ микрофоныр пIахрэ, къызэрыпхуэзарэзым и щыхьэту, хъуэхъу дахэ зэхъуагъэхэмэ, - уэрэджьыкIуэм дежкIэ абы нэхъыр нэхъ пIаПIэ щыIэу сэ сщIэркъым.

Хасэ тхьэмадзэхэм унафэ ящIа нэужь, лэжьыгъэр нэхъыбэу зытещIэр мис мы къыдгъэдзэщIалэхэм хуэдэхэрщ. Зыщымысхьыжхэу далэтащ, дамэу къыткъуэувахэщ. Мыпхуэдэ адыгэ щIалэ щыдиIэкIэ, пэпкъыр, тобэ ирехъуи, а дыззрытегущэвыхьым хуэдэ дыдэкъым, дыпсэунщ, дыщыIэнщ иджыри куэдрэ жыуагъэIэ. ТIысыпIэ зимыIэж пэшым ахэр уяпэ иту, уещIыхьамэ, я адыгэбгъэзэр, я адыгэгур, я гум илъ къабзагъэр къызэщIэхъеярэ бзэр фIы дыдэу яхуэмыгъэшэрэмми, мо фIыуэ ялъагъу уэрэдхэм я псалъэхэр уэ нэхърэ нэхъыфIу зымыщIэ яхэмыту къыщыбдежьыкIэ, уи гур хэмыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Уи гур хагъахьауэ дэнэ къэна, адыгэм и жыIэкIэу, уи щхьэфэщыр дэтэджу апхуэдэт. ЕджанIэм щIэбгъэтIысхьэу бзэр ебгъэджэжьну ныбжьыкIэ тIэкIу къыкIэрыхуами е ар нобэ Iуэху щIахуэмыщIыж, гъащIэм зэрыщыпсэуну IэщIагъэр нэхъапэми, узыхуей псор пхуэзэхуэмыгъэхъуу зэманыр икI хуэдэу къыпщIыхьуми, иджыпсту мис мы къафэр, мы уэрэдыр, мы зэпыщIэныгъэ концертхэр бзэм зригъэужьыну сыткIэ нэхъ сабэпыншэ жыпIэу, уахуэхуэпсэу икIи уигъэгупсысэу апхуэдэщ.

Ди нэгу зэрыщIэкI зэпытщи, Чэрим и уэрэдхэр зытепсэлъыхь адыгэ лъэпкъым и хьэлрэ и щэнрэ зыдэплъагъу гуп зэгъэпэща и щIыб къыдэмыту и закъуэ утыку ихьэ хабзэкъым. Пшынауэ, къэфакIуэ хъуми, сыт щыгъуи абы къыбгурыгъуэ уэрэдым къиИуатэр нэрылъагъу зыщI пщащхэмрэ щауэхэмрэ. Дауи, Тыркум апхуэдэ гупышхуэ здэпшэну гугъут. А гугъуехьым и фIыгъэкIэ наIуэ хъуат, щыналъхэкIэ уэзэпэщIэми, адыгэ Iуэху уэзрыдзэбгъэкIыдкъым. Тыркум щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэмрэ уэрэджьыкIуэмрэ концертыр къэсыным зэманыфIи иIэу абы егупсысын щIадзат. Чэрим и макъкIэ зэхахьну зыхуей Тыркум щауэ уэрэдыжьхэр кхъухраГъэхьри, Нэхущыр абыхэм елэжьащ. Езы къэфакIуэ, уэрэджьыкIуэ гупхэр утыкум къызэрихьну щыкIэм елIэпIахащ.

Гумэ Маринэ:

- Иджыпсту электрон пощткIэ уэзэльэIэсыну тыншщ. Анкараи Къайсэри щыIэ къэфакIуэ гупхэм Iэрагъэхьащ концертым щыIуну уэрэдхэмрэ къызыдэфэну макъамэхэмрэ. Чэрим зи щыпэльагъуи яхэтт абыхэм, ауэ ар дгъэжкIытэ хъункъым жаIэу, хэзгъэвэу, я фIэщу загъэхьэзырри Iуэхур тынш яIащ, дахэ дыдэу сыфахэщ. ЕджакIуэхэщ я нэхъыбэр, саззрыIупльамкIэ, хущIыхьэгъуэкIэ хасэм къыщыфэхэу. Ауэ профессионалхэм къаззрыкIэрыхуу щыIэтэкъым. Чэрим и концертыр лъэбышэ фщIащ къыкрамыIэфын хуэдэу, зэрегугъупар плъагъурт. Анкара куэд щIауэ къэфакIуэ гуп щитIащэу ди къэбэрдей щIалэ Бищlо Замир щолажьэ. Къайсэр щыщхэр Бжьыхьэл Онур игъэхьэзыращ. Дэтхэнэр нэхъыфI жыуагъэIэу апхуэдэхэт. Зытхух-зыхьыбл мыхъуу, Чэрим утыкум гупышхуэ зэрыздришэр ялъэгъуа къыщIэкIынти, куэду, уэру къиухьакIэ. Дауи, дэ урысбзэ къызэрыхэзгъэхьэм хуэдэу, абыхэми я псэпъэкIэм тырку бзэ къыхьыхьэрт. Ауэ тIэкIу щыуэми, тIэкIу ныкъуэми, адыгабзэ зэрращIэр къагъэлъэгъуэным хуущIэжьу щытхэт, ари зы гурыфIыгъуэу гум кIинэу.

Мы щIалэхэм Iуэхушхуэ ялэжь. «Мазэ» зыфIаща адыгэ гуп къызэрагъэпэщащэ, я макъамэ IэмэпсымэкIи, я уэрэд жьIэнкIи жанхэщ. Уэрэдыжьхэр къыдахьжу, тIэкIу зыгуэр дэхуащ щытмэ, жьлэр къызэхаГъуэрэ, зыщIэ щыIэмэ, чэмыр патхэжу апхуэдэхэщ. Мис, мы Юнус ауэ сытми макъ дахэ иIэжьым.

Нэхущ Чэрим:

- Юнус уэрэд жиIэу щызэхэхам си гур ин хъуат. Уи фIэщ щIы: Юнус иджпсту едаIуи, дэ «дывагъуэщ» жаIэу утыку ит гуэрхэр зэрыщыту къебгъдыкIнщ. Псом хуэмыдэу ар сигу щыдыхьар гум нэс уэрэд защIэ зэрыжиIэрщ. Мыадыгэбзэми, адыгэм кьигъэсебэпу зы псалъэ къоГуэгурыкIуэ: «мантикъ щIэлъщ» жаIэ. КупщIэ щIэлъу, зыгуэр къикIыу, ГъащIэм къыжьIауэ, едаIуэм и щхьэм хуимыхьынкIэ зы Iэмал имыIэу, апхуэдэ защIэщ зэхэсхэр игъэзащIэу.

Бжьыхьэл Онур:

- Уэрэдхэр дымыхъуэжу зэрыщытым щхьэкIэ, нэхъыжьхэм драджэуэрэ «Сэ мыпхуэдэ уэрэдыжь сощIэ» жаIэурэ дагъэтхыж.

Гумэ Маринэ:

- Къэбэрдейм щаусахэр уэрэдым и мардэу къыщалъытэ абыкIэ, щапхъэ трахыныр хъэзыркъащ. Хэкум нэхъ зэгъэпащ1ауэ щагъэззащIэу ябж. Абы къыхэкIыу хамэ хэрал щапсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхьыхьэхэм лъэIу яхузиIэт зэпэщу, екIурэ- ещхьу, зэгъэкIуауэ, дахэу уэрэдыр зыекIуу зэхэтхэщ. ЦIыху 12-м нос, концертхэм деж 20-м ноблагъэ.

Ябэм яуса адыгэ уэрэдыжьхэр тIэкIу яIэпыухэмани, зыщIхэзм ябгъэдыхьэу, къатIэщIыжу, къагъэщIэрэщIэжу апхуэдэхэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэрацIи, зэрыдежьуурэ адыгэ Iэмэпсымэ защIэщ, зыдогъэзаауэ жаIэу иджырей гъэззащIэкIэкIэ зэIамыгъэхьэу.

«Си жьэкIуэцI щIэпха гупсысэхэр»

Чэрим Тыркум щыпсэу адыгэхэм яхьыхьэу, яжриIэм куэдкIэ зихьэжжьхьэм: «ФхуэзфкъэкIмэ, фи къарум къыдэкIмэ, ягъэ кIынкъым, иджыри зэ фызэплъыжь, адыгэр зы дихьэхьыныбгъэмыгъэхьэх».

А къхьхуэдэжныгъэр здынэса гу зэрыщыIэм и щыхьэтщ нобэ псэпъэгъу къытхуэхъуа щIалищым ящыщу тIур мазэ ипэкIэ Хэкум къызэрыкIуэжыпар. Быф Къадир Мударей къуажэм къыдэкIащ, ари «Мазэ» гупым холэжьыхь, «Ауди», «Мерседес» машинэхэр зытезыхуухэр IащIагъэлIащ. Бжьыхьэл Онур «Мазэ» гъуибгъу здеIэмэ, кхъуей кIадащхэр трач» - жаIэри. Я къарур нэхъыбэ мэхъу зэхьхьэжмэ, жьыхуиIэщ. Iэмал зэриIэкIэ, гъащIэм зэран хуэмыхъуныгъэкIэ зэхуэсыжрэ ди щыналъжь деж щызэхэтIысхьэжмэ, тIэкIу зыгуэру хъуми, гугъу дехьми, - дэри псори дызэрыуейм хуэдэу къыдэхъуIэркъым, Къэбэрдейм дис пэтми, - ахэр зэдэтэчу, зэдэтIэту, зызэщIэдгъакъуэу адыгэр зы дыхъужу дызэрыубыдыжьыным къыхуезджну сыкуейщ.

«Крокус-сити-холл» щекIуэкIа концертыр

«И насыпщ Алыхьталэм и пщылIхэм хуит яхуищIа Iуэхугъуэхэм ящыщу КъурIэн дахэу къеджэфым, хьэмэрэ и макъыр уэрэд IэфIкIэ зыгъэIуфым, е, нэгъуэщI мыхъуми, абыхэм едэIуэну, еджану, мыкъ щабэкIэ ежьуну Iэмал иIэм», - жаIэ пасэм псэуа цIыху Iущхэм. ЦIыху къэс и Iыхьэ щхьэхуэ хэпъ къыщIэкIынщ а насыпщIам. Ауэ а псалъэ хэIэтыкIаХэр Чэрим нэхъ зыхуэзфIэкIэхэми къыбгъэедгъэщIэнуц1». «ТхуэзфIэкIынукъым» дауэ жыпIэнт? «Зыгуэрым и хуэупсапIэмэ, ди хъуэпсапIэщ», - жыпIащ. Iуэхур Назир и къуэ Мурат щрахьэлIэм: «Си адэм ищIам хуэдиз схуэмыщIэми, сэри сыкъыпхуэзувэнщ», - ЖыIэжиIащ. Зи цIэ кIыIуапхъэ псоми фIыщIэ яхузощI, Алыхьыр арэзы къахухуу сом къыхэзыпхъа дэтхэнэ зым.

КъыкIэпхъыкIуэ пъэбакъуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим я унафэщIхэм дабгъэдыхьэри, я къэрал къэфакIуэ ансамблищыр къытхуагъакIуэу къыдагъэIэпыкъуну делъэIуати: «Сыт жыпIэми пхуэтщIэнщ», - жаIа фIэкIа, нэгъуэщI зэхэтхакъым.

Гумэ Маринэ:

- ГъэлъэгъуапIэм и лэжьакIуэхэм ягъэщIагъэуэрт: «Мыпхуэдэ лъагагъ иIэу концерт мы пэшым щызытыфар Басков Николайрэ Киркоров Филиппрэщ. Билетхэр зыгъэпсыхьа ипэкIэ ящэхуат, щIэупщIэхэм кIэ имыIэу.

Нэхущ Чэрим:

- - Тыркум дызэрыщыIам и гугъу нетIэщытщIыжьым гупсысэ нэхъыщхьэу Iуэхум хэлъам дытепсэлъыхьат. А лъэныкъуэмкIэ мы Мэзкуу щекIуэкIа концертым сигу къыхуинжар псори зи нэгу щIэкIа а пэшыщхуэм и лэжьакIуэхэм жаIахэращ: «Илъэс бжьыгъэ хъуауэ мыбы дыщолажьэри, мы гъэлъэгуапIэр къызэрызэIуахрэ мыпхуэдэ дахэ, лъэпкъ зэпщIыкIуапIэ дахэ, лъэпкъ зэпщIыкIуапIэ къыкIэлъыплъыр. Е зэрытхьэлэж, е зэрыукI, зэпщэфыIэ, е зэрызэлъафэ къаухэкIакъым. Апхуэдизкъэ нэр щыджыпу дахэу хуэпахэрэ зэкIужу».

Гумэ Маринэ:

- Чэрим иджыпсту хущIыхьэркъыми, дыхуэзэфынкъым, ауэ нобэ къэдгурIаплъэ къэдгъэмрэ и инагъыр тхужеIэж, жаIэурэ къэзбгъэдыхьэхэрт. Дыззрыадыгэр, ди щэнхабзэмрэ зэхэтыкIэмрэ я лъагагъыр дигъэлъагъужащ. Таурыхъ гуэрым ещхьт, гъащIэм ухиIэтыкIыу.

Нэхущ Чэрим:

- Я къару халъхьэу къыддэIэпыкъуахэм я цIэхэр тщымыгъупщэмэ нэхъ къэсщтэнущ. НетIэ зи гугъу тщIа Хьэцей Тимур ресиссёр IуэхукIэ Мэзкуу щыIалажьэхэр иримыгъэкIуэтмэ къакIэрыхуркъым. Продюсеру къыддэлэжьа Неклюдов Андрей къыбгъэдэтхэм ефIэкIыпт. Ди макъ къэзыгъэIуу илъэс бжьыгъэ хуэдиз къыддолажьэ Чечик Олег, Клименко Анатолий сымэ. Адыгэ къэралыгъуэм я къэфакIуэ ансамблищыр зэгурыгъаIуэу, мазэ ипэ иту щIэдзэри адэлэжьащ ди «Кабардинка»-м и къэфакIуэ нэхъыфI дыдэхэм зы Битокъу Оксанэ. Къэрэшей-Шэрджэсым кIуэрэ тхьэмахуэкIэ щыIэу. Адыгеим кIуэцIрыкIрэ «Налмэсым» ядэлажьэу. Къигъэзэжрэ «Кабардинка»-м яхьыхьэжу, а щыр зэпигъэувэжри зэхэмызэрыхьу утыку кхъушэфащ. Ансамблищри щызэхуэзар Мэзкуущ. Щызэхьхьэнри щызэхэкIынри дахэу зэхуихуанэу, Оксана щыкIым мис ар лэжьыгъэшхэу ящIащ. Ар щIыхьхъу кIарум хуэзфIэмыкIыкI хуэдизт, ауэ а хьыджэбз щыкIым ар хьылъыкъуэкIри, апхуэдиз къытхуищIащи, сыхуейщ ари щIыхуэм ящIэну.

Психологхэр «инсайт» жаIэри зыгуэрым топсэльыхь. И щIэныгъэр зэкIэрылъэльауэ, махуэ къэс гъащIэм Iэфl щIэзымыльхьэжыф щIыхур напIэзыпIэм гухэхъуэгъуэ дакъикъ гуэрым «иоэзрыхьри», и гум и къабзапIэр къыщIощыж. Аращ щIыху щIыкIур мымжалIэмэ, щIыIэм имысмэ, дунеягъэкIэ гуэзвэгъуэ къыщIхьащIымытмэ, щэнхабзэмрэ гъазджэмрэ щыпльэпсхьащIу къыщIэгъуэгурыкIуэр. Акъылыр зыгъэтхъэ теуэ-тепкIэм щхьэдзхьу, уэзрыщIыхур, гъащIэр фIымкIэ зыгъэкIуэтэфын къару зыкъуэлъ псэ мыкIуэдыжыну уэкъызэрагъэщIар къозыгъэщIэж гурыщIэр я Iэпэгъуэ хэльэт зиIэ псоми. Адыгэ хэгъуэгуищым щыпсэу адыгэхэр зы утыку щызэгъэIуныр гъуазджэм и къарукIэ Мэзкуу къыщIехъулIащ зи гугъу тщIы уэрэджьыкIуэ щаджажщэм. Арэ къыщIэкIынщ Iэщ1агъэм хуэIэижь жыхуаIэми къикIыр. КъызызэкIами зыхьхьами я пщIэр иIэтыфрэ езыми и щхьэр абы иримыпуду утыку ихьа адыгэ щIалэм къеплъхэм япхигъэкIащ езыр зыхэпсэукI гупсысхэм я нэхъыщхьэр: Мэзкуу уущIсэуми, Тыркум укъыщалъхуами, уадыгейми, ушэрджэхми, укъэбэрдейми, щыху хуэдэ щыхуу дунейм утетыным и уасэр фIыщIэ щIыпхъэ гуэру зэрыщытыр «Крокус-ситихолл»-м къекIуэлIахэм я пащхьэ иту, и щIыбагъэм къыдэту утыку ита щIыку щищым къадиIуэтащ.

Концертым утепсэлъыхькIэ макъамэ зэхэпхыркъым. Аращи, сыт хуэдизу щIэщыгъуэу пшыхьхэр зи нэгу щIэкIахэм дадэмыкIуэршэрми, дзыхь зыхуэщIыпхъэр теплъэгъуэм хэтамрэ Iуэхум хэзыщIыкIымрэщ. Чэрим и утыку гъащIэр къызэзыгъэпэщ, иджыреибэкIэ «продюсер» жыхуаIэ Хьэцей Тимур Тыркум щилъэгъуамрэ Мэзкуу щекIуэкIамрэ зэредгъэлъэпытыну дыщелъэIум, къыджиIа псалъэхэр гуIэфIтещIэжу къыфхуэдгъэжащ:

Хьэцей Тимур:

- Утыку ихьэкIэр нэгъэса хъуныр Iуэхугъуищым елъытащ. Зыр езы артистращ. Абы езым купщIэ зэмылIужьыгъэ, дуней еплъыкIэ хэха бгъэдэмыльмэ, и Iуэхури купщIэнэщэ, уелэжькIи емыфIакIуэу. ЕтIуанэр - абы къыдалажьэ гупым я Iэзагъ, я зэфIэкI здынэсырщ. ЕщанэР - уэзэпжь Iуэхум и зэхэльыкIэм, и мыхьэнэм и куагъэыщ. Гупым деж а Iуэхугъуищри гъэщIэгъуэну щыIозззэгъ. Илъэс 25-рэ хъуауэ утыку здитым, абы езым темыухуауэ зы уэрэди жиIакъым. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. И уэрэд къэс и цIыху щIыкIэм, и шыфэлIыфэм йокIу. Кавказым щыжаIэ уэрэдхэм зэ зэрыхэсщIыкIым хуэдизкIэ сыпхьилъхэ, Чэрим лъэпкъ уэрэдымрэ дыззрыт зэманым къыщекIуэкI эстраднэ гъэззщIэкIэ Iэмалхэмрэ щызэхэухуэна уэрэд гъэIукIэм гъуэгу хупхишауэ жыпIэ хъунущ. Езыр зытет гъуэгум и гъуаззщ, аращи, Iуэхум фIы дыдэу хещыкI.

Iуэху кIепхьэжьэн щхьэкIэ, абы купщIэ иIэн хуейщ. КупщIэ зыщIэмыльэ уэрэдыр теплъэгъуэ хъуркъым, щIыхугуми нэсыркъым. И уэрэдхэр зэрыкупщIафIэм и программэри щIэщыгъуэ ещI. Езы адыгэ лъэпкъым и псэр хэльщ Чэрим и уэрэд гъэIукIэм. Сыт зыхэльыр адыгэ лъэпкъым и псэр? Лъагъуныгъэра къыщIэкIынщ. Тхьэм къыбгъэдилъхьа Iэщ1агъэм ар лъегъэIэсыф адыгэхэр адрей лъэпкъхэм кахэзыгъэщ фылъагъукIэ Iэзагъым: хэкур, адэ-анэр, лъэпкъыр, щIыхуу дунейм тетыр фIыуэ зыльагъуфын гушхуэ уиIэныр псом нэхъ зэрынэхъапэр уи фIэщ ещI. Сэ ныбжьэгъу куэд сиIэщ кавказ макъамэхэр ямыщIыхуэхэу, дунейпсо гъуазджэм фIэкIа зэрамыпсэу. Абыхэм ящыщу Чэрим и уэрэдхэм езгъэдаIуэхэр щыхьэт тохъуэ Нэхущым и гъэззщIэкIэр дунейпсо утыку ибгъэхьэну хуэфащу лъагапIэфI зэрынэсар. Теплъэмрэ купщIэмрэ щызэкIу дуней тетыкIэм и къарур абрагъэщ, аращ абы щIыхупсэр щыщIэрыпсэльэфIри, езыми и псэр абы къулей щIыхэ-хьхьIри.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Концерт нэужьым. *Къайсэр, 2015 гъэ*

Къайсэрдэс адыгэхэм упщIэ я куэдт.

*мыгъэззщIэф зыщIыпIи мыкIуэну. Iэмал иIэкъым щыпкъагъым, Iэдэбым, Чэрим зытепсэлъыхьа адыгэбзэм уебгъунтIэкIаГъэ захвбгъэхьнкIэ. Анкара деж жыгIэр тэрмэш зыщIын ди гъусами, Къайсэр тыркубзэ щыдгъэIуныкъым жаIэри, я тхьэкIумэри ягури тегъэхуауэ къыздэдаIуэхэрт. Къэзэрыгуриуэр зыхэпщIэрт. «Зэныбжьэгъуищымрэ» адрей Тыркум щауса уэрэдхэмрэ щыжиIэм, къызэрехьэжьэхэри, кIуэ пэтми, нэхъыбэ хьуэху, си гъын къакIуэхэ, ескъухьжу Iупхъуэ къуагъым сыкъуэтащ. Моуэ-щэ, хьэуам нэрымылъагъуу зыгуэр хэтт, Чэрим и пIэ ситамэ, сымыгъыу схужьIэнтэкъым, жысIэрт.

«Мазэ» гупым Iуэху щхьэпэу илэжьыр псалъэитI-щыкIэ къыпхуэIуэтэнукъым. Зал псо зэхуэшэсыфу, я жьIэкIэкIэ, я гъэзщIэкIэкIэ, я Iэмэпсымэ къэгъэсбэныкIэкIэ «Бжьамийр» къыщежьагъащIэ илъэсхэр уигу къагъэкIыж. ЦIалэ защIэу, гупым хэт къэфакIуэхэр егъасэ, Iэпэпшынэ, гитарэ йоуэ. Ари мазэ ипэкIэ Хэкум къэкIуэжьпащ, университетыр «Хамэ къэралхэм я зэпыщIэныгъэхэр» Iэщ1агъэмкIэ къеух. Цыгъум Юнус Къайсэр щопсэу. И лэжьыгъэр унэхэр къызэрагъэхуабэ Iэмэпсымэхэм епхащ. Ауэ, езым и жьIэкIэкIэ, ар и щIакъуэщ, адыгэ Iуэхур и псэщ: «Ди хабзэ, ди уэрэд, ди бзэ дымыгъэкIуэдыжьыну дыхэтщ. ЗыщIыпIэкIэ зыщIыхьхьумэжа адыгэ псори зэгуэр хэкум дыщызэхуэсыжьын хуейуэ догупсыс».

«ДыбгъэгуфIащ, дыбгъэгушхуащ, гуфIэгъуэрэ гушхуэныгъэрэ Тхьэм къыит», - зы хъуэхъукIэ арэзы мыхъуу, къытрегъаззэри, микрофоныр уэрэджьыIакIуэм зэгурыIуэ Iех Къайсэр кьедза адыгэ къуажэ 70-м я нэхъыжьыфI Къущхьэ Фахьри. Я къуэшыр гупытэнщэ ящIакъым Тыркум щыщ Нэхущхи. Абыхэм я зы щIалэ, адыгэ щэнхабзэм телажьэ «Nartajans» Интернет-сайтым къыбгъэдэкIыу, Чэрим упщIэ зыбжанэкIэ зыкъхуигъэзат.

«Си гуапэщ Тырку щыналъэм си къуэш зэрыщIэр, - жэуап ирет абы Чэрим. - Мыбы фыщымыIэу Къэбэрдейм фисыжьамэ нахъыфI, дауи. ИтIани, хамэ щIыпIэ фыщыпсэууэ, фи щыналъэм фимысыжу апхуэдэ щIыкIэу фи бзэр зэрыфхъумэжам щхьэкIэ Тхьэр арэзы къыфхухуэу вжьэIэ. Мис, ныщхьэбэ хуэдэ зэIущIэм адыгэ щIалэгъуалэр екъуапсэу, «сэри сщIарэт адыгэ уэрэд» жиIэрэ, абыкIэ ди бзэр, ди хабзэр мыкIуэдыжмэ, аращ си гуращэ нэхъыщхьэу мыбы сыкъыщIэкIуэр. МыбыкIэ къэзгъэзэжу си хъуэпсапIэри нобэ ди къуэш-ди шыпхъуэху Тыркум исхэри нэгъуэщI къэралхэм Iэпхъуэуэ щыIэхэри псори зыгу, зы псэ дыхъужьыну, зы Iэ кIуэцIкIэ дызэрыубыдыжу ди къарур лъэщ абы иридгъэхуныным хьыхуезджэнырщ. Адыгэм псалъэжь диIэщ: «Дзытеухуа тхыгъэм хэзыгъэзагъэр, дауи, уэрэджьыIакIуэр здынэса кууагъырщ. ЦIыхур и Iэщ1агъэм къызэрыхуигъэщIам и щыхьэтщ ар гува-щIэкIам я Iэщ1агъэм къызэрыхэтэджькIыр. Зыхуэпэзэ хъуа Iуэхум и фIыгъэкIэ абы дунейм, гъащIэм, цIыхум, псэм я щэху гуэр къызэIуехьф. Уэрэджьыкlуэм щIакхъуэ игъажьэркъым, мэкъу еуэркъым, зэрыжаIэу, ауэ ар мэкъуауэми щIахъуэгъажьэми ещхьу, къыхуэныкъуэ цIыхум пэгъунэгъущ. ЦIэрыIуагъэм зэIимыгъэхьахэм яхьыбжьфынур лъэпкъым къыбгъэдэкI пщIэр езы цIыхубэм яхуэзыгъэкIуэтэжьфырщ. Апхуэдэм и «сэр» сыт щыгъуи «дэ» мэхъуж. ЦIыхубэр, Чэрим и псалъэкIэ, «зыгу, зы псэу» зыхэзымыщIэ утыкуакIуэм и уасэр инкъым. «Уфэшхуэкъым, упышхуэкъым, уэ щIалэ фIыщIэжь цIыкIум мыпхуэдизкъ къару къыздиткэр дзио, ди щхьэ дуэмытыжу, ухуеймэ дыбгъагъыу, ухуеймэ дыбгъэдыхьэшхыу, ухуеймэ дыкъэбгъэфэн пхуэзфIэкIыу?!» - ибзыщIыркъым уэрэджьыIакIуэм Мэзкуу щита концертым и ужькIэ благъэ нанэм къыкIиа псалъэхэр. Ар зыкрагъэфын къуажэ щIалэжьу укъэнэжьныр мынэкъ къалIэу фIыщIэжь цIыхур напIэзыпIэм гухэхъуэгъуэ дакъикъ гуэрым «иоэзрыхьри», и гум и къабзапIэр къыщIощыж. Аращ цIыху цIыкIур мымжалIэмэ, щIыIэм имысмэ, дунеягъэкIэ гуэзвэгъуэ къыщIхьащIымытмэ, щэнхабзэмрэ гъазджэмрэ щыпльэпсхьащIу къыщIэгъуэгурыкIуэр. Акъылыр зыгъэтхъэ теуэ-тепкIэм щхьэдзхьу, уэзрыщIыхур, гъащIэр фIымкIэ зыгъэкIуэтэфын къару зыкъуэлъ псэ мыкIуэдыжыну уэкъызэрагъэщIар къозыгъэщIэж гурыщIэр я Iэпэгъуэ хэльэт зиIэ псоми. Адыгэ хэгъуэгуищым щыпсэу адыгэхэр зы утыку щызэгъэIуныр гъуазджэм и къарукIэ Мэзкуу къыщIехъулIащ зи гугъу тщIы уэрэджьыкIуэ щаджажщэм. Арэ къыщIэкIынщ Iэщ1агъэм хуэIэижь жыхуаIэми къикIыр. КъызызэкIами зыхьхьами я пщIэр иIэтыфрэ езыми и щхьэр абы иримыпуду утыку ихьа адыгэ щIалэм къеплъхэм япхигъэкIащ езыр зыхэпсэукI гупсысхэм я нэхъыщхьэр: Мэзкуу уущIсэуми, Тыркум укъыщалъхуами, уадыгейми, ушэрджэхми, укъэбэрдейми, щыIуху хуэдэ щыIуху дунейм утетыным и уасэр фIыщIэ щIыпхъэ гуэру зэрыщытыр «Крокус-ситихолл»-м къекIуэлIахэм я пащхьэ иту, и щIыбагъэм къыдэту утыку ита щIыку щищым къадиIуэтащ.

Концертым утепсэлъыхькIэ макъамэ зэхэпхыркъым. Аращи, сыт хуэдизу щIэщыгъуэу пшыхьхэр зи нэгу щIэкIахэм дадэмыкIуэршэрми, дзыхь зыхуэщIыпхъэр теплъэгъуэм хэтамрэ Iуэхум хэзыщIыкIымрэщ. Чэрим и утыку гъащIэр къызэзыгъэпэщ, иджыреибэкIэ «продюсер» жыхуаIэ Хьэцей Тимур Тыркум щилъэгъуамрэ Мэзкуу щекIуэкIамрэ зэредгъэлъэпытыну дыщелъэIум, къыджиIа псалъэхэр гуIэфIтещIэжу къыфхуэдгъэжащ:

Хьэцей Тимур:

- Утыку ихьэкIэр нэгъэса хъуныр Iуэхугъуищым елъытащ. Зыр езы артистращ. Абы езым купщIэ зэмылIужьыгъэ, дуней еплъыкIэ хэха бгъэдэмыльмэ, и Iуэхури купщIэнэщэ, уелэжькIи емыфIакIуэу. ЕтIуанэр - абы къыдалажьэ гупым я Iэзагъ, я зэфIэкI здынэсырщ. ЕщанэР - уэзэпжь Iуэхум и зэхэльыкIэм, и мыхьэнэм и куагъэыщ. Гупым деж а Iуэхугъуищри гъэщIэгъуэну щыIозззэгъ. Илъэс 25-рэ хъуауэ утыку здитым, абы езым темыухуауэ зы уэрэди жиIакъым. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. И уэрэд къэс и цIыху щIыкIэм, и шыфэлIыфэм йокIу. Кавказым щыжаIэ уэрэдхэм зэ зэрыхэсщIыкIым хуэдизкIэ сыпхьилъхэ, Чэрим лъэпкъ уэрэдымрэ дыззрыт зэманым къыщекIуэкI эстраднэ гъэззщIэкIэ Iэмалхэмрэ щызэхэухуэна уэрэд гъэIукIэм гъуэгу хупхишауэ жыпIэ хъунущ. Езыр зытет гъуэгум и гъуаззщ, аращи, Iуэхум фIы дыдэу хещыкI.

Iуэху кIепхьэжьэн щхьэкIэ, абы купщIэ иIэн хуейщ. КупщIэ зыщIэмыльэ уэрэдыр теплъэгъуэ хъуркъым, щIыхугуми нэсыркъым. И уэрэдхэр зэрыкупщIафIэм и программэри щIэщыгъуэ ещI. Езы адыгэ лъэпкъым и псэр хэльщ Чэрим и уэрэд гъэIукIэм. Сыт зыхэльыр адыгэ лъэпкъым и псэр? Лъагъуныгъэра къыщIэкIынщ. Тхьэм къыбгъэдилъхьа Iэщ1агъэм ар лъегъэIэсыф адыгэхэр адрей лъэпкъхэм кахэзыгъэщ фылъагъукIэ Iэзагъым: хэкур, адэ-анэр, лъэпкъыр, щIыхуу дунейм тетыр фIыуэ зыльагъуфын гушхуэ уиIэныр псом нэхъ зэрынэхъапэр уи фIэщ ещI. Сэ ныбжьэгъу куэд сиIэщ кавказ макъамэхэр ямыщIыхуэхэу, дунейпсо гъуазджэм фIэкIа зэрамыпсэу. Абыхэм ящыщу Чэрим и уэрэдхэм езгъэдаIуэхэр щыхьэт тохъуэ Нэхущым и гъэззщIэкIэр дунейпсо утыку ибгъэхьэну хуэфащу лъагапIэфI зэрынэсар. Теплъэмрэ купщIэмрэ щызэкIу дуней тетыкIэм и къарур абрагъэщ, аращ абы щIыхупсэр щыщIэрыпсэльэфIри, езыми и псэр абы къулей щIыхэ-хьхьIри.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Редактор нэхъыщIхэр
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэ